

## ÆРИГОНÆЙ ЦИ БАЙТАУАЙ, УОЙ ЗÆРОНДÆЙ ÆРКÆРДДЗÆНÆ!..

***Французаг финсæг æма философ Альбер Камю (1913-1960) финста: «Мæргъти тахтмæ бонæй дæ цæстæ ку дарай, уæд дæмæ уотæ кæсдзæнæй, цума син неци нисан ес, фал изæрæй се ʻзмæлдæн цидæр нисан фæззиннуй. Кумæдæр, цæмæндæр фæттæхунцæ. Ка ʻй зонуй, уотæ ʻй адæми цард дæр, царди изæрмæ ку бахæстæг унцæ, уæд... Цардæн изæр фæууй?..»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№11 (837) 2022 анзи 5 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман





# НÆХУÆДТÆ ÆМА НÆ СÆРÆНДЗИЙНАДÆ!..

Аци хузæ абони цæмæ гæсгæ мухур кæнæн, уой нæ хестæр газеткæсгутæ, федарæй ни æруагæс кæнуй, балæдæрдзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ ба нæ фæндуй, цæмæй, советон доги цæргæ кæмæн нæ рауадæй, сæ еци кæстæрти дæр бауæндун кæнонцæ, советон доги нæ адæм куд рæстуодæй æма разæнгардæй фæллойнæ кодтонцæ нæ Фидибæсти сæрбæлтау, е. Советон доги социалон-экономикон уагæвæрди минкъий нæ адтæй гъæндзийнæдтæ дæр. Æма уонæй хе исуæгъдæ кæнуни туххæй нæмæ еугур равгитæ æма гæнæнтæ, еугур фæрæзнитæ дæр фагæ адтæй. Мадта нæ адæми разæнгарддзийнадæ дæр æгæрон тухгин адтæй. Æма еугур еци равгитæй хæдзардзийнæй испайда кæнæ, зæгъгæ, уæд, æвæдзи, мах паддзахадæй тухгиндæр дуйнебæл нæ разиндтайдæ.

Еци гъуддаг исаразуни равгитæй æнхæстæй испайда кæнунмæ, гъулæггагæн, нæ исарæхстан Советон Цæдеси фехæлди фæсте Уæрæсей нæуæг цардиуагæ аразгæй. Ке фудæй æма цæй фудæй, уобæл ма ци дзорæн – ци ʻрцудæй, е ʻрцудæй. Абони уавæрти ба, фудзæрдæ нæмæ ка даруй, еци паддзахæдтæ нæ нихмæ ци фудмиутæ аразунцæ, уони фуддæрагæн нæ гъæуй нæ еугур хъауритæ дæр æрбамбурд кæнун æма нæхе сæрæндзийнади фæрци гъæуама нæхæудтæ нæ цардиуаги хабæрттæ аразæн.

Уой фæдбæл бæлвурд дзубанди цудæй, æрæги сахар Пятигорски ци форум «Цæгат Кавказ-2022» арæзт æрцудæй, уоми дæр. Архайдтонцæ си федералон министрадти, цæгаткавказаг регионти разамонгутæ, амалгъонади къабæзти, банкон системи æма æндæр ведомствити минæвæрттæ. Сæ хæццæ – Цæгат Иристон-Аланий делегаци, æ сæргъи нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**, уотемæй.


3


## САБУРДЗИЙНАДÆМÆ НАД – АЙЙЕВАДИ ХЕДБÆЛ!..



***Нури, берæ цæмæйдæрти тухстаг уавæрти уæлдай хъæбæрдæр ни æруагæс кæнуй, адæмтæ æнсувæрти хузæн, кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй ку цæронцæ, æмзунд-æмвæндæй ку архайуонцæ, уæд е цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй сæ еугуремæн дæр сæ карни хабæрттæ æнтæстгинæй аразунæн. Уой ка лæдæруй, етæ уой сæрбæлтау рæстзæрдæй архайгæ дæр кæнунцæ. Æма уомæй кæрæдземæн зæрдрохсдзийнадæ хæссунцæ. Уомæн ирд æвдесæн иссæй, æрæги Ирон театри ци зæрдæмæдзæугæ мадзал арæзт æрцудæй, е дæр. Уой туххæй æрмæг кæсетæ 2-аг фарсбæл.***



## НОМЕРÆН



**ГУЛУТИ Андрей**

### КА ФÆУУОДЗÆНÆЙ ФИЦЦАГ!

*И цъæх уалдзæг тæмæн калгæ*
*Нæ бæстæмæ фæззиндтæй.*
*Нæ будуртæ нæ ирд хорæн*
*Фæббозæнцæ æ тунтæй.*

*Сæ фурциййнæй æрттевунцæ*
*Нæ уорс хуæнхтæ, нæ цурд дон.*
*Хъаурæгинæй нæ сау гъæдтæ*
*Идзулунцæ сæ фæндон.*

*Бакæсетæ, – и даргъ фæзтæ*
*Идзаг æнцæ адæмæй:*
*И хумгæнгутæ косунмæ*
*Æрцудæнцæ æнгурфæй.*

*Нæ колхозон бæгъатæртæ*
*Сæ хумгæндти æнæ хъор,*
*Хуарæрзадæн æвæрунцæ*
*Æнæфезмæлгæ бундор.*

*Æрзайдзæнæнцæ мæнæутæ,*
*Æрласдзинан нæ тиллæг,*
*Устур кувдти цийнæгæнгæй*
*Æрветдзинан нæ фæззæг.*

*Нæ фондзанзон цуппаремæ*
*Фæууодзинан æнхæстгонд,*
*Нæ адæмæн нæ рохс бæсти*
*Ивулдзæнæй сæ амонд.*

*Нæ фæллойнади Геройтæ*
*Нæ дзиллитæн – фæнзуйнаг.*
*Æрцудæй нин кусти рæстæг!*
*Ка фæууодзæнæй фиццаг!*

***1946.***

Гулути Семени фурт Андрейи райгурдбæл 5 апърели æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1892-1979). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 4-5 æма 8-аг фæрстæбæл.

## АХСГИАГ ЦАУ

### БÆРÆГБОНМÆ ЦÆТТÆ КÆНГÆЙ

Зундгонд куд æй, уотемæй Иристон æхе цæттæ кæнуй, Алани киристон дини æгъдаумæ гæсгæ дзиуарæфтуд ку ʻрцудæй, уобæл 1100 анзи ке исæнхæст æй, еци ахсгиаг цау цитгинæй исбæрæг кæнунмæ.

Уой фæдбæл нæ газети мухур кодтæн хецæн æрмæгутæ. Абони ба кæсетæ фæллойни ветеран Цопанти Валерийи бацæттæгонд уац Дигоргоми аргъауæнтæ æма киристон дин æнхæстгæнæг адæймæгути туххæй (6-7-аг фæрстæбæл).

***Зундгонд ирон финсæг Къоста ФÆРНИОН (1908-1937) уотæ финста: «Ке гъæуй тугъд? Мæ мæгур адæм сæ били цъæрттæ æгириддæр нæ хуæрунцæ тугъди мондагæй, нæ гъæуй уони тугъд, уони федуд цард фæндуй... Хуæздæр æй федуд цард... Тугъд фæуыодзæнæй, фал кæд, кæд...»***



# НИФСÆЙ ТУХГИН АДÆМ – УÆЛАХЕЗОН!..

ÆРÆГИ Дзæуæгигъæуи Сæребари фæзи ци патриотон мадзал «ÆЗ – МАХ – УÆРÆСЕ!» арæзт æрцудæй, уомæй Цæгат Иристони дзиллæ еузæрдиуонæй бавдистонцæ, нæ бæсти Президент **Владимир Путини** æма Донбасси операций архайæг тугъдонти фарс ке 'нцæ, уой.

Аци мадзали архайдтонцæ фæллойнæгæнгутæ, æхсæнадон-политикон косгутæ, уæлдай ахсгиаг ба е æй, æма си еузæрдиуонæй архайдтонцæ нæ республики еугур ахургæнæндæнтти ахурдзаутæ.

Мадзали райдайæни радзубанди кодта Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис.** Æма загъта:

– Нæ адæми фæрнугади сæрбæлтау, еудзийнади фæрци, мах фæууæлахез уодзинан еугур зинтæбæл. Абони нæ минкъий республики фурттæ тугъдон операций бæгъатæрæй гъæуай кæнунцæ нæ бæсти сæрбæлтау. Арфæ син кæнун, лæгдзийнадæ ке æвдесунцæ, уой туххæй.

Æ радзубандий ма уой дæр загъта, æма нæ зæрдæбæл ке дардзинан, æ ихæс Фидибæсти размæ æхсаргинæй ка æнхæст кæнуй, уони. Æмзæрдæй бæллæн Донбасси ка тох кæнуй, етæ еугурæйдæр сæрæгасæй сæ хæдзæрттæбæл куд исæмбæлонцæ.

Донбасси æфсæддон сæрмагонд операций архайгæй, не 'мзæнхон æфсæддонтæй ка фæммард æй, уони рохс нæмттæ æдзæмæй ралæугæй æримистонцæ.

Мадзали рæстæг ка радзубанди кодта, уони гъуди еу адтæй:

Уæрæсей Федераци сæрмагонд æфсæддон операци уомæн райдæдта, æма идарддæр бухсæн нæбал адтæй, Америки Еугонд Штаттæ æма НАТО сæ тохæнгæрзтæ Уæрæсей арæнтæмæ хæстæг æрæвæрунбæл ке архайдтонцæ, уони мæнгарддзийнади фудæй Мински нисангонд бадзурдтæ æнхæстгонд ке нæ цудæнцæ, уомæн.

Уæрæсей Федераций национ æдасдзийнадæн хъæбæр тæссаг иссæй, æма уал анзей дæргъи уавæри æцæгдзийнадæ рæстзæрдæ загъдæй ка нæ лæдæрдтæй, уони нихмæ багъудæй æвæстеуатæй сæрмагонд æфсæддон операций фæрци архайун, цæмæй айдагъ Донбасс нæ, фал еугур Украинæ дæр ервæзтгонд æрцæуа национализми бæлæхтæй.

Мадзали рæстæг ма патриотон зартæ ракодтонцæ нæ республики игъустгонд артисттæ. Архайдта си «Росгварди»-й сæрмагонд нисанеуæги 49-аг бригади оркестр дæр.



# САБУРДЗИЙНАДÆМÆ НАД – АЙЙЕВАДИ ХЕДБÆЛ!..

КÆДДÆРИ фæрнæйдзаг æма алли адæмихæттити минæвæртти хæлардзийнадæй райдзаст Украинæй ецирдигон националисттæ зиндонæ ке исаразтонцæ, уой фудæй си фæлледзæги 'нцæ хъæбæр берæ дзиллæ – уæлдайдæр ба силгоймæгтæ сæ сабийти хæццæ. Куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ уони зæрдиагæй исиуазæг кодта Цæгат Иристон дæр.

Еци тухст адæмæн агъазгонд цæуй. Уæхæн арфиаг гъуддагæй еуварс нæ 'нцæ аййевади архайгутæ дæр, сæ исфæлдистадæй сæ баръæвдаунцæ, сæ рист зæрдити син нифси рохс бауадзунцæ, цæмæй сæмæ фæззинна нифс, исонибони сæ уавæр зæрдæмæдзæугæдæр ке фæууодзæнæй, уой туххæй æууæнкæ.

Æрæги ба арæзт æрцудæй ахсгиаг мадзал: иссудæнцæ нæ республикæмæ Донецки адæмон республики кафт æма зари паддзахадон академион ансамбль «Донбасс»-и искурдиадæгин артисттæ æма Цæгат Иристони кафти паддзахадон академион ансамбль «Алан»-и кафгути хæццæ еумæ Тæбæхсаути Балой номбæл Ирон академион театри равардтонцæ хуæрзауодæн концерт. Æнсувæрон республикити зундгонд аййевадон коллективæн, уой фæдбæл арфæ ракæнунмæ æма син сæ аййевадæ фæууинунмæ театрмæ æрбацудæй берæ адæм. Се 'хсæн адтæнцæ, Украини сахартæй æма гъæутæй Иристонмæ рæстæгмæ ка 'рцудæй, еци лигъд адæм.

Концерти рæстæг иуазæг аййевадон коллективи кафгутæ равдистонцæ хореографион композицитæ «Донецкаг биццеутæ», «Азови флоти денгизонтæ», «Бæрзæбæласæ». Сæ зартæгæнгутæ ба адæми зæрдитæ барохс кодтонцæ сæ адæмон, уæрæсейаг æма советон зундгонд поэтти æма композиторти финст зартæй – «Рацæудзæнæн гъæунгæмæ», «Донбасси туххæй ракувд», «Калинка», «Бубенцы», «Е мæ зæрдæмæ цæуй».

Нæ фидтæлти намус, нæ кизгутти хуæрзæгъдаудзийнадæ, ездондзийнадæ, нæ лæхъуæнти æхсарæ æма лæгдзийнадæ ци кæфтити зиннуй, уони ракодтонцæ нæ номдзуд хореографион ансамбль «Алан»-и артисттæ. Концертмæ 'рбацæугутæ хъæбæр бацийнæ кодтонцæ «Симд», «Хонгæ», «Алантæ», «Хуæнхаг кафт», «Кизгутти кафт» æма æндæр кæфтитæбæл.

Концерти кæронбæттæни нæ хъазар иуазгутæн зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики культури министр **Галазти Эдуард**:

– Зæрдиагæй уин арфæ кæнæн, нæ хъазар иуазгутæ! Нури уæззау рæстæгути дæр уæ бæрзонд, зæрдæскъæфгæ хореографион æма вокалон композицитæй адæми зæрдитæ ке рохс кæнетæ æма, нæ республикæ хъæбæр сæрустур кæмæй æй, нæ аййевади тæккæ зундгонддæр аййевадон коллектив – академион ансамбль «Алан»-и хæццæ уе 'сфæлдистадон бастдзийнæдтæ ке федар кæнетæ, е нин хъæбæр æхцæуæн æй. Сабур арви буни уæ аййевади артæй исонибони дæр мингай адæми зæрдитæ куд рохс кæнайтæ, еци амонд уæ уæд!.. Мах ан Уæрæсей еу хай æма æнæдузæрдугæй алкæддæр уæлахезон уодзинан!..

Кафти æма зари академион æскъуæлхт ансамбль «Донбасс»-и генералон директор æма аййевадон разамонæг **Ольгæ Горячева** ба нин куд радзурдта, уотемæй ма уæхæн хуæрзауодæн концерттæ æвдесдзæнæнцæ Цæгат Кавкази иннæ республикити æма нæ бæсти æндæр крайти профессионалон аййевадон коллективти хæццæ дæр. Ци æхца си æрæмбурд кæнонцæ, уомæй ба байагъаз кæндзæнæнцæ Украини сабур цæрæг адæмæн.

Хуæрзауодæн проект царди рауадзуни хъæппæрес фæззиндтæй паддзахадон федералон кустуат «Росконцерт»-мæ.

***ГАСАНТИ Валерий***

## ХАБАРÆЙ ХАБАРМÆ ИРÆЗУЙ ЦАРД!..

Дигори райони Мостиздæхи администраций сæргълæууæг Арсæгти Хæмиц нин куд фегъосун кодта, уотемæй аци амунд гъæуи цæрæг адæм Украини фæзуатбæл сæрмагонд æфсæддон операций архайæг уæрæсейаг æфсæддон службæгæнгутæн рарвистонцæ гуманитарон агъаз.

Уой хæццæ ба ма гъæууон скъолай ахурдзаутæ не 'фсæддонтæмæ рарвистонцæ сæ арфи æма нифсæвæрæни финстæгутæ.

***

Фари хæццæ рабаргæй, аци анз Цæгат Иристони гъæууонхæдзарадон кустуæтти æма зæнхкосгути хæдзарæдти 14 процентей бæрцæ фæффулдæр æй фустæ æма сæгъти нимæдзæ. Республики хæдзарæдти еугур къуæртти ес 123,1 мин фуси æма сæгъи. Силæ фусти нимæдзæ 'й 73,9 мин сæри, гъæууонхæдзарадон кустуæттæ æма зæнхкосгути (фермерон) хæдзарæдти ба – 58,2 мин сæри.

***

Цæгат Иристони аци анзæн исбæрæг кодтонцæ Уæрæсей хуæздæр ахургæнæг æма гъомбæлгæнæги. Регионалон конкурси ма æвзурстонцæ педагогон дебюти уæлахездзаути дæр. Кадгин уавæри конкурси хуæздæртæн лæвæрд æрцудæнцæ хуæрзеугутæ.

Конкурси ци æртинсæй ахургæнæги архайдтонцæ, етæ уой размæ сæ зонундзийнæдтæ æма арæхстдзийнæдтæ бафæлвардтонцæ муниципалон æмвæзади, уой фæсте рацудæнцæ регионалон æркастмæ.

***

Хумæллæги аци анзи кæронмæ гъæуама арæзт æрцæуа спортивон комплекс. Гъæуи цæргутæ аци гъуддаг нимайунцæ хъæбæр ахсгиагбæл. Спортивон секцити архайун ке фæндуй, уæхæн искурдиадæгин фæсевæд сæмæ берæ ес. Комплекси уодзæнæй тренажерон залтæ æма душти хатæнтæ. Спорткомплекси проекти аргъ æй 85 миллион соми.

***

Ростови гидрометцентри рагацауи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, апърели мæйæ Цæгат Кавкази федералон зилди фæзуатбæл уæлдæфи температурæ уодзæнæй нормæмæ хæстæг. Æхсæвæ 2-7 градуси гъар, хецæн æхсæвти ба уодзæнæй уазал 0-3 градусей уæнгæ. Бонæй уодзæнæй 8-17 градусей уæнгæ гъар, хецæн бæнтти ба температурæ исхездзæнæй 20-23 градусемæ.

Берæанзон цæстдарди бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, тæккæ уазалдæр апърел адтæй 1965 анзи (еци дзамани уæлдæфи рæстæмбес температурæ адтæй æдеугурæй 5 градуси гъар), тæккæ гъардæр апърел ба адтæй 1975 анзи (14 градуси).

Ахид апърели мæйæмæ рауаруй 40-80 миллиметри. Аци анз дæр рауардзæнæй нормæмæ хæстæг. Уаргæ бæнтти нимæдзæ уодзæнæй 9-10 бони. Гæнæн ес æма мæйи кæрони арв фиццаг хатт гъæр кæндзæнæй.



**Фондз æма æхсæзинсæй анзей размæ (1897 анзи 8 апърели) Дзæуæгигъæуи Статистикон комитети азгъунсти байгонæй Терки облæстон музей. Музейæн æхецæн азгъунст ба арæзт æрцудæй 1907 анзи.**

*Догъи уайунæй еристи еу биццеу хъæбæр фæсте байзадæй. Еу айуангæнагæ лæг тæрхонгæнæгмæ гъæр кæнуй: «Уæртæ еци уæзвад, биццеуæн ци нæ фагæ кæнуй, уой зонис?..» Æма ‘й е дæр, ци, зæгъгæ, ку рафарста, уæд загъта: «Бæх!.. Еске ин æ догъон ку февæридæ, уæд уайтæккæ дæр иннети разæй фæууидæ!..»*





Цæгат Иристони минæвæрттæ цæгаткавказаг форуми.

# НÆХУÆДТÆ ÆМА НÆ СÆРÆНДЗИЙНАДÆ!..

1 Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвар Цæгат Кавкази федералон зилди **Юрий Чайка**, æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй форумæн æ сæйрагдæр нисан æй, бæститæ Уæрæсей нихмæ ци экономикон гæрæнтæ аразунцæ, уони фудæй нæ бæсти социалон-экономикон размæцуди къулумпитæ ма ‘руадзунæн ци уæлæнхасæн мадзæлттæбæл бакосун гъæуй, уони лæмбунæгæй исбæлвурд кæнæн:

– Уæхæн уавæрти нæ сæйрагдæр ихæс æй Цæгат Кавкази федералон зилди субъектти экономикон ирæзт багъæуай кæнун, кустадон архайд фæкъкъулумпи кæнун ма бауадзун.

Юрий Чайки дзубандимæ гæсгæ, 2021 анзи федералон зилди экономики къабæзтæ равдистонцæ ирæзти хуарз бæрæггæнæнтæ. Зæгъæн, кустадон индексбæл бафтудæй 5,5 проценти, гъæуунхæдзарадон продукций ирæзт рауадæй 12 процентемæй фулдæр. Зингæ исирæзтæнцæ базаради æма лæггæдти къабæзти архайди бæрæггæнæнтæ дæр – бафтудæй сæбæл 6 æма 16 процентей бæрцæ.

– Сæрмагондæй зæгъун æнгъезуй, анзæй-анзмæ инвесторæ Цæгат Кавказмæ фулдæр æргом ке ‘здахунцæ, уой, – загъта Юрий Чайка. – Айдагъ 2020-2021 æнзти федералон зилди субъекттæ инвесторти хæццæ еумæ ци ахсгиаг проекттæ æнхæст кæнунмæ бавналдтонцæ, уонæн сæ еумæйаг аргъ 318 миллиард соми фæффулдæр æй.

Президенти минæвари дзубандимæ гæсгæ, фæстаг мæйи дæргъи нигулæйнаг бæститæ Уæрæсей нихмæ ци экономикон гæрæнтæ аразунцæ, уонæмæ гæсгæ гъæуй, цæмæй, куд федералон центри, уотæ регионти æмвæзадæбæл дæр æвæстеуатæй арæзт цæуонцæ гъæугæ агъазиау уæлæнхасæн мадзæлттæ промышленности æма иннæ къабæзти кустадон гъомусадæ багъæуай кæнунæн. Исæвзургæ уавæрмæ гæсгæ, федералон Хецауадæ зæрдæ æвæруй, уæлæнхасæн закъонæвæрунадон æма финансон æгъдауæй регионтæн фæйййагъаз кæнун. Еци уæлæнхасæн финансон фæрæзнити еу хай нуриуæнгæ æрвист цæуй регионтæмæ. Хецаудзийнади регионалон оргæнти сæйрагдæр ихæс ба нуртæккæ æй еци фæрæзнитæй хæдзардзинæй харз кæнун, экономики къабæзти гъомусадæ багъæуай кæнуни фæдбæл си раст испайда кæнун.

Уæрæсей экономикон ирæзти министр **Максим Решетников** æ доклади сæйрагдæр æргом раздахта Цæгат Кавкази федералон зилди субъектти социалон-экономикон райрæзти программитæмæ. Уæхæн программитæ евгъуд анзи арæзт æрцудæнцæ Цæгат Кавкази еугур субъекттæн дæр.

– Æма еци программитæ идарддæр дæр сæ хъаури уодзæнæнцæ. Айдагъдæр сæмæ, ке зæгъун æй гъæуй, исæвзургæ уавæртæмæ гæсгæ бахæссун гъæудзæнæй æййивддзийнæдтæ æма уæлæфтауæнтæ. Форуми ма радзубанди кодтонцæ æма бæлвурд фæндитæ бахастонцæ федералон ведомствити бæрнон косгутæ æма хецаудзийнади регионалон оргæнти минæвæрттæ.

Форуми рæстæг Юрий Чайка исаразта никкидæр ма еу урух æмбурд Цæгат Кавкази федералон зилди регионти экономикон уавæри фарстати фæдбæл. Еци фембæлди архайгутæ комкоммæ æрдзурдтонцæ федералон зилди субъектти ахсгиагдæр инвестицион проекттæ æма райрæзти программитæ æнхæст кæнуни хæццæ баст фарстатæбæл.

**Дзанайти Барис** æ радзубандий куд фегъосун кодта, уотемæй Цæгат Иристони Хецауадæ бæлвурд мадзæлттæ аразуй, цæмæй нигулæйнаг бæстити экономикон гæрæнтæ лæгъузæрдæмæ ма фæббæрæг уонцæ республики цардбæл.

Дзанай-фурт ма æ радзубандий фæббæрæг кодта, республики промышленнон кустуæттæн исæвзургæ уавæрти уæлæнхасæн финансон агъаз лæвæрд ке цæудзæнæй, уой дæр. Зæгъæн, промышленности райрæзти регионалон Фонди бæрцæ аци анз фæффулдæр кодтонцæ 250 миллион сомей уæнгæ. Еци фæрæзнитæ фондз анзей уæнгæ æмгъудмæ лæвæрд цæудзæнæнцæ кустуæттæн æфстæутти хузи. Республики экономики къабæзти гъомусадæ багъæуай кæнунæн исфедар кæндзæнæнцæ æндæр зæрдæдарæнтæ дæр.

Æмбурди кæронбæттæни Юрий Чайка куд фæннисан кодта, уотемæй паддзахадæ Цæгат Кавкази федералон зилди субъекттæн еугур гъæугæ уæлæнхасæн агъаз дæр афойнадæбæл кæндзæнæй.

## ЗУНДГИН ЗАГЪД ФАТИ ХУЗÆН ÆЙ!..



*Недзаманти бердзейнаг финсæг Эзоп æ фæсномуг радзурдтæй еуеми ракодта мæнæ ауæхæн хабар.*

*Цæргæс бæрзонд къæдзæхæй ратахтæй æма дзогæй уæриккæ раскъафта. Цъах æй фæууидта, бахицæ имæ кодта æма ‘й бафæндадтæй уой бафæнзун. Хъæрахстгæнгæ æхе ниццавта фусбæл. Фал æ дзæмбутæ фуси гъуни ниххастæнцæ, æхе ратонун нæбал фæразта, айдагъдæр ма æ базуртæй дзæхст-дзæхст кодта. Уæдмæ ‘й фиййау æрæстæфтæй, батъæбæртт имæ кодта æма ‘й æрахæста. Æ базуртæ ин ракъуæрдта æма ‘й изæри сæхемæ æ сабийтæн æрхаста. Сабийтæ ‘й фæрсунцæ, айæ циуавæр маргъ æй, зæгъгæ. Е син уотæ:*

*– Æз æй зонун, цъах ке ‘й, уой, фал, æвæдзи, æхуæдæг ба æхемæ цæргæс кæсуй!..»*

Дæхецæй лæгигъæдгундæр ка уа, уони хузæн ацъагъуæй кæмæ неци уа, уотемæй ба сæ æ фурсоцъайæй фæнзун ку байдайа, уæд æй æ еци фæндæ хуарзмæ не ‘ркæндзæнæй – æхуæдæг дæр фидбилизи бахауй, уæдта ма иннетæн дæр ести бæлæхтæ исаразуй.

Уæлдайдæр ба уæхæн хенвæрсон хецауеуæггæнæг ку исуй, уæд гъуддæгутæ еугурæй дæр исæмæнтъери унцæ. Уой фæдбæл алли адæмихæттити дзурддзæугæ лæгтæ нин берæ зундгин зæгъдтитæ ниуувагътонцæ.



**Рагонкитайаг гъудигæнæг Конфуцимæ ес уæхæн фæдзæхст: «Ахургæнæг загъта: «Æууæнкæ кæбæл нæййес, уæхæн адæймаги хæццæ ести гъуддаг исаразæн куд ес? Уæрдунæн сæмæн ку нæ уа, уæд цæуæн куд ес?..»**

Мах ба Советон Цæдеси фехæлди фæсте Уæрæсей цардаразæн гъуддæгутæ дæр раст гъе уæхæнтти къохти бакодтан. Æма етæ дæр, кæд дзоргæ уотæ кодтонцæ, гъома, нæ Фидибæсти æма нæ адæми хуарзбæл косæн, зæгъгæ, уæддæр сæ архайд ба æнæгъæнæй дæр адтæй айдагъдæр сæхе пайдайæн. Сæ мæнгарддзийнадæ уа нæ уа, уæддæр ке раргом уодзæнæй, уой лæдæргæй сæ æдзæсгонæй «бакуст» мулкитæ фæсарæнти æрримахстонцæ. Беретæ ба си сæхуæдтæ дæр уордæмæ фæлледзæги ‘нцæ…



**Номдзуд уруссаг финсæг Антон ЧЕХОВ (1860-1904) финста: «Æцæгæлон ин ка ‘й, уæхæн гъуддагбæл (зæгъæн, аййевадæбæл) æхе тухнихæст ка бакæнуй, уомæй, гъай-гъайдæр, исфæлдистадон æгъдауæй неци рауайуй æма æнæмæнгæ чиновник исуй…»**

Циуавæр чиновниктæ си рауайуй æма цæмæйти «фескъуæлхуй», уой ба нæхуæдтæ уинæн – айдагъ нæ культури нæ, фал нæ абониккон цардарæзти берæ ахсгиаг къабæзти æдзæллаг уавæрæй. Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Æнарæхсгæ – æнамонд аразæг!..»



**Немуцаг философ Фридрих НИЦШЕ (1844-1900) еу хабар ракодта. Цидæр бæрнон бунати æвæруйнаг ке адтæнцæ, е загъта: «Е мæ зæрдæмæ нæ цæуй…» Бафарстонцæ ‘й: «Цæмæннæ?..» Загъта син: «Уомæн æма уой уæнгæ нæ исирæзтæн!..» Æма си хатдзæг искодта: «Цума уотæ ескæд зæгъдзæнæй уæддæр еу адæймаг?..»**

Кунæг!.. Абони ‘й нæ уинæн, нæ алфамбулай цæйбæрцæ ес уæхæнттæ, кæцитæ сæхуæдтæ сæ нецæййагдзийнадæ лæдæргæй, еци бурсæги-бурсунцæ хецаудзийнади бæрнон бунæттæ байахæссунмæ, депутаттæ æма политиктæ исунцæ… Цума некæд фегъустайуонцæ нæ рагфидтæлти загъд: «Фонс æгомуг æй, фал æ бунат зонуй!..»

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## ФУДБОН ÆМА ФУДЛÆГ БЕРÆ НÆ ХÆССУНЦÆ!..

**Абони сагъæссаг уавæрти цæмæй фæстауæрцæ кæнунмæ цæттæ айтæ, зæгъгæ, фарстайæй дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг æртасгутæ уæрæсейæгтæй ке бафарстонцæ, етæ мæнæ ауæхæн дзуæппитæ равардтонцæ:**

ФЕДГÆ МЕДИЦИНÆЙ – 3%
ХУÆРДÆЙ – 3%
УÆЛЕДАРÆСÆЙ – 7%
НЕЦÆМÆЙ – 15%
БАЛЦИТÆЙ – 35%
ТРАНСПОРТÆЙ – 10%
ХУАСТÆЙ – 0%
АЛЦÆМÆЙ ДÆР – 36%



Авдсæдæ æма цуппаринсæй анзей размæ (1242 анзи 5 апърели) номдзуд къниаз Александр Невскийи æфсæддонтæ Чудаг цадæбæл ниппурхæ кодтонцæ немуцаг рыцæрти (еци тугъд зундгонд æй куд Ехин дæрæн).

***АРДАСЕНТИ Хадзибатæр (1911-1968) поэт, литературæртасæг: «Финсæг æ Райгурæн бæсти размæ федуй æ ихæстæ... Æма сæ Гулути Андрей федуй тæккæ хуæздæрæй, хæларзæрдæй, цæстуарзонæй. Æ аййевадон уадзимистæ æма æ публицистон уацтæй зингæ фæгъгъомусгиндæр кодта нæ национ литературæ æма аййевадæ...»***



Гулути Андрей Иристони финсгутихæццæ (раззаг рæнгъи бадуй цуппæрæймаг).

# ХУАРЗ ПОЭТ, ХУАРЗ ХЕСТÆР



**ТИГИТИ Юрий**
(1934-2002)
финсæг, публицист

ГУЛУТИ Андрейи туххæй дзоргæй куд не 'римисæн æ карни райдайæни хабæрттæ. Хуæрз æригонæй фæццалх æй исфæлдистадон кустбæл. Æма æ фиццаг литературон æвзарæнтæ, зæгъун æнгъезуй, фæррæстмæ 'нцæ. Дæнцæн фагæ 'й, Хетæгкати Къостай туххæй ци æмдзæвгæ ниффинста, уомæн хуарз аргъ ке искодта Сергей Киров – уæди рæстæгути Цæгат Кавкази революцион архайди раздзæугутæй еу. Косгæ ба кодта Владикавкази уагъд ка цудæй, еци газет «Терек»-и. Æма уой фæрци Андрейи æмдзæвгæ 1915 анзи мухургонд æрцудæй еци газети. Е адтæй Андрейи æмдзæвгити фиццæгтæй еу. Уой размæ ба, 1907 анзи 4 ноябри, æ фиццаг поэтикон уадзимис «Къоста» ин ниммухур кодта газет «Нæуæг цард». Газет уагъд цудæй Тифлиси.

Гулуй-фурт æ цæргæ-цæрæнбæнтти рацудæй царди, литератури вазуггин æма арфиаг надбæл. Æ над ба кæми фæуурдуг уидæ, кæми ба – фæххæрдæ уидæ. Фал цидæриддæр адтæй, уæддæр рæстдзийнади арæнтæй ба еуварс некæд рахизтæй. Нæуæг цардарæзт, нæуæг догæ ибæл бæрзæндти тæхунæн ниссагътонцæ базуртæ.

Æ еугур исфæлдистади дæр уæхæн уадзимис æстæн разиндзæнæй, æ поэтикон гъудийæй, æ аййевадон менеугутæй адæймаги зæрдæ ка нæ исагайун кæндзæнæй. Ку загътон, Андрей уоййасæбæл берæ уадзимистæ нæ финста, фал ци финста, уобæл ба куста лæмбунæг æма æвæллайгæй. Æма иссæй нæ национ литератури агъазиау зингæ цау. Лæдæрдтæй, нæ адæми размæ, нæ Иристони размæ ибæл ци уæззау æма бæрнон ихæстæ æвæрд ес, уони. Æма федар гъæлæсиуагæй, нифсгунæй сони кодта:

Ныббар мын, Ирыстон... Мæ
хъисын фæндырæй
Æз никуы æрцагътон дæ
адæмы хъыг.
Нæ рæсугъд хæхбæстæ –
къæдзæхæй, быдырæй –
Нæ калдта мæ цагъдмæ
йæ цæстыты сыг.
Ныр базыдтон амонд...
Мæ зарæгæй зарын.
Ныр хъус-ма мæ цагъдмæ,
нæ Иры фæлтæр!
Нæ бæсты сагъæстæ мæ
мæ зæрдæйы дарын,
Нæ бæсты сагъæстæй ныр
дзаг у мæ сæр.

Аци æмдзæвгæ поэт ниффинста 1920 анзи, Цитгин Октябри революций фæууæлахезбæл æртæ анзи ку рацудæй, уæд. Е æй æ программон уадзимис. Æма е 'сфæлдистади размæ ци нисан исæвардта, уой æнхæст кодта зæрдиагæй.

***

Дуйней адæмихæттити финсгутæй, уæлдайдæр ба поэттæй æстæн разиннунцæ, еци-еу рæстæг дууæ æвзагебæл ка финсуй æ аййевадон уадзимистæ, æ маддæлон æвзагæй æндæр æвзагмæ æма æндæр æвзагæй æ маддæлон æвзагмæ ка тæлмац кæнуй. Уонæй еу æй Гулути Андрей. Финста иронау æма уруссагау. Тæлмац кодта уруссаг æвзагæй ирон æвзагмæ, ирон æвзагæй уруссаг æвзагмæ. Андрейи тæлмацти фæрци уруссагау «исдзурдтонцæ» Хетæгкати Къостай, Багъæрати Созури, Малити Геуæргий, Нигери, Боцити Барони, Плити Хадой къуар æмдзæвги æма поэми. Ирон æвзагмæ ратæлмац кодта Къостай уруссагау финст, Михаил Лермонтови, Иван Крылови, Николай Гоголи, Антон Чехови, Тарас Шевченкой, Иван Франкой, Леся Украинкæйи, Павло Тычинай, Микола Бажани, Григол Табидзей, Георгий Леонидзей, Ираклий Абашидзей, Ованес Туманяни æма Советон Цæдеси æндæр адæмихæттити поэтти æма финсгути цалдæргай уадзимистæ. Партион гимн «Интернационал» ирон æвзагмæ ка ратæлмац кодта, уонæн сæ фиццæгтæй еу æй Андрей. Къостай «Додой» уруссаг æвзагмæ Гулуйфурти хузæн хуарз нуриуæнгæ некема ратæлмац кодта.

***

Гулути Андрей хъæбæр зæрдиагæй архайдта нæ национ литератури исонибони хуарзи сæрбæлтау. Цæгат Иристони финсгути Цæдеси консультантæй косгæй, е зæрдхæларæй æ цæстингас дардта, литературон исфæлдистади æ хъауритæ ка æвзурста, еци æригон финсгутæмæ, берæ хуарздзийнæдти син бацудæй. Хъæбæр æхцæуæн ин уидæ еске, уæлдайдæр ба кæстæр фæлтæри исфæлдистадон æнтæстдзийнадæ, хъæбæр зæрдиагæй бацийнæ кæнидæ уой фæдбæл.

Уæди рæстæг ма Андрейи хузæн æригон авторбæл зæрдтагонæй ауодæг адтæй Мамсурати Дæбе, Хъазбегти Хъазбег, Туати Дауит, Ардасенти Хадзибатæр, Дзаттиати Тотурбег, Токати Асæх, Дзести Кудзæг... Æригон поэт кенæ сæмæ æригон финсæг сæ уадзимистæ ку равдесиуонцæ, уæд син сæ лæмбунæг æма хæларзæрдæй равзариуонцæ æма ниммухур кæнуни аккаг уæддæр еуцæйбæрцæдæр ку разинниуонцæ, уæд, ци гæнæн æма амал уидæ, уомæй син фæййагъаз кæниуонцæ, цæмæй син фæззиннонцæ газеттæ æма журналти. Мадта газетти, кенæ журналти æригон автори æмдзæвгæ кенæ радзурд ку бакæсиуонцæ, уæд ин ракæниуонцæ зæрдиаг арфитæ.

Еци номдзуд финсгути, нæ национ литератури федар цæгиндзити, кæдзосзæрдæ адæймæгути ауодундзийнадæ æз дæр бавзурстон мæхебæл, банкъардтон æригæнттæмæ се 'гæрон устур уарзондзийнадæ, сæ фæлмæн æма лæдæргæ дзубанди. Е адтæй 1951 анзи апърели мæйи. Ниффинстон æмдзæвгæ хумæгæнæги хедкалæн, фал фæрнæйдзаг кусти туххæй. Уæд адтæн Ногири астæуккаг скъолай ахурдзау. Мæн размæ мæн карæнтæй кадæртæ финстонцæ æмдзæвгитæ æма син мухури цудæнцæ республикон газетти, журнал «Мах дуг»-и. Сауæнгæ ма си ахургæнæн киунугæмæ дæр кедæр æмдзæвгитæ хаст æрцудæнцæ. Над мин байамудтонцæ финсгути Цæдесмæ, сæрмагондæй – Гулути Андреймæ.

Æ косæн уати дуар ин ку бахуастон, уæд мин зæрдхæларæй «æгасцо!..» загъта, мæ къох мин æ рагон зонги хузæн райста. Ке зæгъун æй гъæуй, нифсæрмитæ дæн, фал мин мæ тухстдзийнадæ æ сабур, ездон дзубандийæй фæццидæр кодта. Æрбадун мæ кодта æ косæн стъоли фарсмæ æ комкоммæ. Æма нин дзубанди райеудагъ æй.

Мæ тухст уавæр ба, æвæдзи, лæдæрд æй – фиццаг хатт гъе уотæ комкоммæ уидтон, скъолай ке уадзимистæ ахур кодтон æма сæ зæрдæхцæуæнæй бауарзтон, фал уæди уæнгæ ке некæд фæууидтон, еци поэти. Фæууидтон, æ сæри гъунти 'хсæн кæмидæрти уорситæ кæмæн фæззиндтæнцæ, аййев уорсгомау бецъотæ кæбæл адтæй, еуминкъий мæтъæлгомау, æ цæститæ арф гъудийæй кæмæн æрттивтонцæ, уæхæн хуæрзконд адæймаги. Бафарста мæ:

– Ци хабар æрцудæй, цæй фæдбæл нæмæ фæззиндтæ? Кæд дæмæ ести зæгъуйнæгтæ ес, кенæ кæд ести уадзимис æрбахастай, уæд æфсæрми ма кæнæ. Бавдесæ нæмæ 'й.

Æз имæ равардтон тетради сифæбæл финстæй ме 'мдзæвгæ «Хумгæнæнты». Андрей имæ æркæсидæ, уæдта бабæй мин мæхемæ æрбакæсидæ. Æз æнгъæлмæ кастæн æ тæрхонмæ. Загъта мин:

– Дæ фиццаг æмдзæвгæ 'й?

– Гъо.

– Мæ зæрдæмæ фæццудæй.

Æма сифи галеу кæронæй уæлæрдигæй ниффинста фæсевæдон газет «Æригон большевик»-и редактормæ: «Бæззуй мухур кæнунмæ». Уоййадæбæл ме 'мдзæвгæ мухури фæззиндтæй. Цæйбæрцæбæл æхцæуæндзийнадæ æма бæрнондзийнадæ мин æрхаста, е зин зæгъæн æй. Никкидæр ма мин Андрейи цæстæ бауарзта устур исфæлдистадон æнтæстдзийнæдтæ. Æма 'й уæдæй нурмæ мæ хуæрзгæнæг изæди хузæн дарун мæ зæрдæбæл. Уой фæсте дæр мæхебæл ахид æнкъардтон æ фæлмæн ауодундзийнадæ. Уæдæй фæстæмæ хуарз лимæнтæ иссан.

Фал Андрейи рохс номи рази æз мæхе фудгин хонун. Еу гъуддагæй. 1960 анзи ин Дзæуæгигъæуи рацудæй киунугæ. Бахаста имæ дууæ поэми: «Тохы фæндæгтыл» æма «Диссаджы дыргъдон». Хъазахаг аргъау «Диссаджы дыргъдон» ниффинста Л. Макееви прозаикон уруссаг текстмæ гæсгæ. Æмбурдгондбæл ниффинстон рецензи. Аргъаумæ бахастон феппайуйнаг, архайгути уодигъæдæ, сæ сорæттæ фагæ æвдист не 'рцудæнцæ хъазахаг менегутæй, хъазахаг дарæси, зæгъгæ. Андрей рецензи ку бакастæй, уæд, æ медбилти баходгæй, загъта:

– Бæргæ архайдтон, фал æндæр адæми минæвæрттæбæл, царди уагæбæл, æгъдæуттæбæл зин финсæн æй, зин раргомгæнæн æнцæ.

Æз ма бæргæ фæффæсмон кодтон мæ рæдудбæл. Мæхемæ куййæй æгадæдæр æркастæн. Нур уадзимис нæуæгæй ку бакастæн, уæд мæмæ бустæги æндæр гъуди равзурстæй: æй хъазахаг æмдзæвги бундорбæл финст. Райдайæнæй кæронмæ си тæлфуй хъазахаг уод æма царди уолæфт. Еци гъуддаг ку æримисун, уæд мæ цæсгон тоги разелуй, ниссурх ун. Мæрдтæмæ си хатир корун...

***

Гулути Андрей райгурдæй 1892 анзи. Рамардæй 1980 анзи. Кади хæццæ нигæд æрцудæй Ирон аргъауæни тургъи пантеони. Æ дæргъвæтийнæ царди берæ æхсæнадон, бæрнон куститæ кодта. Адтæй Хумæллæги скъолай ахургæнæг, куста Иристони советон газеттæ «Горская беднота»-йи, «Народная власть»-и, «Горская правда»-йи редакцити, адæмон ахуради Иристони зилди хайади. Адтæй газет «Рæстдзинад»-и бæрнон секретарь, æ исаразгутæй еу. Уруссаг æвзаг амудта Цæгат Иристони облæстон советон партион скъолай, уруссаг литературæ – Цæгат Иристони педагогон институти æма педагогон училищей. Куста «Мах дуг»-и бæрнон секретарæй, адтæй Цæгат Иристони финсгути Цæдеси правлений иуонг. Берæ хæттити æй равзурстонцæ Ленини райони æма Дзæуæгигъæуи сахари фæллойнæгæнгути депутатти Совети депутатæй. 1971 анзи ба æвзурст æрцудæй Цæгат Иристони АССР-и Сæйраг Совети депутатæй.

Нæ национ советон литературæмæ устур байвæрæн ке бахаста æма зæрдиагæй æхсæнадон куст ке кодта, уой туххæй нæ хецауадæ Цæгат Иристони адæмон поэти кадгин ном фиццаг Андрейæн исаккаг кодта. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Фæллойнадон Сурх Турусай орденæй, орден «Кади Нисан»-æй.

Гулуй-фуртæн мухури ирон æма уруссаг æвзæгтæбæл Дзæуæгигъæуи æма Мæскуй дзæвгарæ киунугутæ рацудæй. Æ фæстаг киунугæ – æмдзæвгитæ æма кадæнгити æмбурдгонд «Мæ фæндаг» мухургонд æрцудæй Дзæуæгигъæуи 1979 анзи – æ мæлæтæй еу анз раздæр. Нæ гъуди кæнун, уæдæй фæстæмæ ма ин киунугæ рацудæй. Æнгъезгæ ба ин кæнуй уадзимисти æмбурдгонд дæр рауадзун, уацтæ дæр ибæл финсун. Уомæн æма е адтæй нæхе национ советон поэзий бундорæвæргутæй еу, нæ аййевадон литературæн устур хуæрзтæ ка исаразта, уæхæн адæмон поэт, сугъзæрийнæ зæрди хецау.

**РЕДАКЦИЙÆЙ:** ***Бæргæ хуарз уидæ Гулути Андрейи уадзимистæй кæцидæрти абони ниммухур кæнун, фал нин уæхæн равгæ, гъулæггагæн, нæййес, æма уæ зонгæ кæнæн æ цардвæндаги туххæй æ имисуйнæгти хæццæ.***

**Цæгат Иристони адæмон финсæг Мæрзойти Тимофейи фурт Сергейи райгурдбæл 10 апърели æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1927-2008).**

***ГУЛУТИ Андрей: «Иристони финсгутæ советон доги цитгинæй æнхæст кодтонцæ, Къоста нин хæзнайæн ке ниууосиат кодта, нæ адæмон æвзаг æма поэзийæй æгириддæр фæххецæнгæнæн кæмæн нæййес, уодварни еци æгъдæуттæ. Нæ поэзи æнцойнæ кæнуй æ национ бундортæ æма рæстæги домæнти хæццæ еудзийнади бундорбæл...»***




Гулути Андрей (фæстаг рæнгъи рахесæрдигæй фиццаг) Иристони финсгути хæццæ.

# «Æз фæууидтон мæхе цæститæй...»

***Гулути Анрейи цард гъæздуг адтæй берæ агъазиау цаутæ æма хабæрттæй. Æма етæ куд нæ фæббæрæг адтайуонцæ æ исфæлдистади – куд æ аййевадон уадзимисти, уотæ æ публицистики дæр. Устур зонадон хæзнадонæ нин абони дæр æнцæ, е нæ финсгутæй берети туххæй ци очерктæ ниффинста, етæ. Кæд асæй цубургомау æнцæ, уæддæр, ци æрмæг си ес, е ба æй æгæрон ахсгиаг. Етæ ин, «Мæ мысинæгтæй», зæгъгæ, сæргонди хæццæ хецæн киунугæй дæр рацудæнцæ. Литературон очерктæй уæлдай ма си ес, Гулуй-фурт æ рæстæги æхуæдæг æвдесæн кæмæн адтæй, нæ Фидибæсти еци ахсгиаг æхсæнадон-политикон цаути туххæй æрмæгутæ дæр. Уонæй еу абони мах дæр мухур кæнæн.***

Феврали революций агъоммæ, 1917 анзи, æз цардтæн Мæскуй, ахур кодтон Коммерцион институти экономикон хайади. Æригон ма адтæн, цудæй мæбæл 24 анзи. Мæнмæ, Кавказæй Мæскумæ æрцæуæг адæймагмæ, хъæбæр устур фæккастæй Мæску æма, десгæнгæй, зилдтæн сахари устур гъæунгти, кастæн уæллагдзаумауæй арæзт мæскуйаг цæргутæмæ, кастæн берæуæладзугон хæдзæрттæмæ, бульвартæмæ, фæзтæмæ, циртдзæвæнтæмæ… Сæумæй сауæнгæ æнафæнттæмæ адæм, дзубандигæнгæй, æмæзмæлд кодтонцæ гъæунгти æма фæзти.

Институти ахур кодтон зæрдиагæй, цудтæн лекцитæмæ æма игъустон профессортæмæ. Институти еумæ ахур кодтонцæ биццеутæ æма кизгуттæ. Етæ адтæнцæ æригон, цардгъон æма игъæлдзæг адæм. Лекцити фæсте аудиторитæй рацæуиуонцæ æма институти зали дзубанди кодтонцæ сæ кæрæдзей хæццæ. Сæ дзубандий сæр фулдæр уидæ профессорти лекцити туххæй. Дзурдтонцæ империалистон тугъди туххæй дæр, – тугъд куд æгъатирæй цæгъдуй адæми æма сæ куд æркодта мæгурдзийнадæмæ, уобæл. Студенттæ хуарз цæстæй кастæнцæ сæ кæрæдземæ, уарзтонцæ кæрæдзей. Зонгæ ке хæццæ нæ адтайсæ, уæхæн студент дæр дæмæ æрбацудайдæ æма дæ рагон зонги хузæн дæ хæццæ дзубанди кæнун райдайидæ. Студенттæ сæ кæрæдзей худтонцæ «æмбал», зæгъгæ. Е мæмæ хъæбæр хуарз кастæй. «Æмбал», зæгъгæ, еци кæдзос дзурд, зæрдæн лæвардта циуавæрдæр æхцæуæндзийнадæ, адтæй æцæг æмбали нисан.

Материалон æгъдауæй цубуркъох ке адтæн æма уотемæй мæ бон Мæскуй фæццæрун ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ гъудитæ кодтон, ахургæнгæй, мæхе цæмæй фæддарон, уобæл. Уæд исæмбалдтæн ме ’мбал студентбæл, Æрæдони семинари мæ хæццæ ка ахур кодта, уæхæнбæл. Е мин куд радзурдта, уотемæй косуй сахари Управæ «Артаги сæрмагонд унаффæдони» (Осовтоп), уой хæццæ ба ма æй студентти организаций правлений иуонг. Æма мин загъта:

– Кæд дæ фæндуй, уæд курдиадæ ниффинсæ æма дин ести бунат ратдзинан.

Æз балæвардтон курдиадæ æма еу-дæс боней фæсте райстон гæгъæди студентти организацийæй, райстан дæ согæвæрæни контролери бунатмæ, зæгъгæ, си финст, уотемæй. Фæццийнæ кодтон. Загътон мæхецæн: нур мин ахур кæнунæн ес фадуат. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма еци рæстæги Мæскуй алли фæзи дæр согæвæрæнтæ адтæй. Еци согæвæрæнтæй сахари мæгурдæр цæргутæн фаст сог пудгайæй уæйæ кодтонцæ.

Скълади косгутæ сæ еугурдæр адтæнцæ студенттæ æма курсисткитæ. Мæн согæвæрæнмæ цæун багъæуидæ сахари кæронмæ. Зумæги исистинæ æхсæвæ 3-4 сахаттебæл, æма кæми трамвайи, кæми ба фестæгæй рацæуинæ, сахари кæрони фонсæвгæрдæни рази ци согæвæрæн адтæй, уордæмæ. Уоми мин мæ барæ бакæниуонцæ еу дæс-инсæй уæрдуни согамадæй, сæ бæхтæргутæ дæр сæ хæццæ, уотемæй. Исбадинæ согæвæрæнтæбæл æма Мæскуй гъæунгтæбæл, уазали, исхъæртун кæнинæ еци согтæ Тагани, кенæ Серпухови фæзти скълæдтæмæ. Уотæ исуазал уинæ тæнæг пъæлитой, фуражкæ æма штиблетти, æма мæ цæсгон, мæ къохтæ æма мæ къæхтæ нецибал лæдæриуонцæ фуруазалæй. Соги уæрдунтæ раттинæ скълади хецаумæ – студентмæ, бацуминæ уоми гъар цай, уæдта ранæхстæр уинæ мæ цæрæнбунатмæ. (Цардтæн, Данилай моладзанон кæми худтонцæ, уомæ хæстæг, еу минкъий гъæунги, æфсæнвæндаги ка куста, уæхæн фæлмæнзæрдæ зæронд лæги фатери, еу минкъий уати). Мæ фæллад ку исуадзинæ, уæдта изæрæй рандæуинæ институтмæ æма игъустон лекцитæмæ. Уотæ евгъудæнцæ мæ ахури бæнттæ.

Уæди дзамани студентти цард нури советон студентти царди хæццæ ку рабарæн, уæд мæхецæн фæззæгъун: куд идард лæуунцæ кæрæдземæ уæди студент æма советон студенти цард. Зин адтæй ахур кæнун зæронд дзамани студенттæн, уæлдайдæр ба мæгур цард ка кодта, уонæн. Уæхæнттæ ба, æз ци студденттæ зудтон, уонæн сæ фулдæр адтæнцæ. Етæ цудæнцæ зæронд уæледарæси, дардтонцæ фуражкитæ, скъудтæ пъæлитотæ æма тужуркитæ. Хуæргæ дæр сæ фагæ нæ кодтонцæ. Уæхæн студентти гъудæй ести амалæй æхца бакосун, цæмæй цæрунгъон уонцæ æмæ æнæ къулумпийæй ахур кæнун фæразонцæ, уой туххæй. Уотемæй сæ ахур ба къулумпи кодта. Фал уæддæр, мæгурдзийнадæ æвзаргæй, фæразтонцæ ахур кæнун, цудæнцæ размæ, рохсмæ.

Куд ма гъуди кæнун, уотемæй 1916 анзи кæрони, кенæ 1917 анзи, феврали революций хуæдразмæ, æз ниммухур кодтон мæскуйаг студентти журнал «Вестник студенчества», зæгъгæ, уоми ме ’мдзæвгæ «Явись, певец!»

Е уотæ адтæй: æз цудтæн Моховая ке худтонцæ, еци гъæунгæбæл. Уоми университетмæ хæстæг фæууидтон «Вестник студенчества»-йи редакций азгъунст æма бацудтæн уордæмæ. Бадзубанди кодтон редактори хæццæ. Е адтæй æригон адæймаг, æвæдзи, студент. Редактор бакастæй ме ’мдзæвгæ, æ зæрдæмæ фæццудæй. Загъта мин:

– Ниммухур æй кæндзинан...

Уæдта ма æ дзурдтæбæл бафтудта:

– Æрбахæссæ дæ иннæ æмдзæвгитæ дæр æма кæд, ци æмдзæвгæ æрбахастай, уой хузæн дзæбæх финст уонцæ, уæд сæ ниммухур кæндзинан...

Ме ’мдзæвгæ «Явись, певец!» тагъд рацудæй мухури журнали. Æмдзæвги адтæй уæхæн рæнгъитæ:

*Нам сила не дана призывная певца,*
*Бессильны выразить мы стон страны*
*родимой…*
*Скорей же прозвучи в тоске невыразимой,*
*Зови на скорбный стон страны своей*
*любимой,*
*Труба гремящая народного бойца!..*

Бонæй-бонмæ уæззаудæр кодта бæсти уавæр. Е бæрæг адтæй алцæмæй дæр. Фиццагидæр – нæ фагæ кодтонцæ хуайраги продукттæ: дзол, царв, фид æма æндæртæ. Еци продукттæбæл цæмæй фæххуæст адтайуонцæ сахари цæргутæ, уой туххæй сæ гъудæй берæ рауæнти лæуун тукæнтти, хатгай ба сæ къохи дæр неци бафтуидæ, уотемæй фæллæуууиуонцæ.

Ке зæгъун æй гъæуй, адæм лæдæрдтæнцæ, уæхæн уæззау уавæрмæ сæ паддзахи хецауадæ æма империалистон тугъд ке æртардта, уой æма арази нæ адтæнцæ паддзахи хецауадæй, капиталисттæй-тугъдæндзаргутæй.

Гъуди ма кæнун: Коммерцион институти устурдæр аудиторий – Марки аудитори æй худтонцæ – студенттæ гæлстонцæ хæлттæ, æфсадмæ кæмæн цæугæ æй, уой туххæй. Студенттæ хæлттæ ку истонцæ, уæд аудиторий хецæн стъоли размæ бадтæнцæ еу хестæр афицер æма институти директор, рацæргæ профессор Новгородцев. Студенттæн сæ зæрдæмæ нæ цудæй, æфсæддон службæмæ, тогкалæн тугъдмæ сæ ке кæнунцæ, е æма райдæдтонцæ хæлхъой кæнун, гъæр кодтонцæ: «Долой войну!» Институти директор ниффæлорс æй, исистадæй æ къелайæй æма загъта:

– Господа, не забывайте, что вы находитесь в стенах высшего учебного заведения!..

Уæд еу студент нигъгъæр ласта:

– Дæуæй ба иронх ма уæд, ду чиновник ке нæ дæ, фал профессор ке дæ, е!...

Студенттæ уæддæр не ’нцадæнцæ æма гъæр кодтонцæ: «Долой войну!»

Феврали революций хуæдразмæ мах, студенттæ æма курсисткитæ, ниххуæстан кæрæдзей къохтæбæл æма рæнгъæгай, «Марсельезæ» æма революцион æндæр зартæ кæнгæй, институтæй рандæ ан Думи азгъунсти размæ, уоми æрæмбурд æй хъæбæр берæ адæм æма агурдтонцæ сардари Думæй, цæмæй син сæ домæнтæ исæнхæст кæнонцæ. Адтæй изæр. Куд дзурдтонцæ, уотемæй уоми цæттæй лæудтæнцæ бæхгин городовойтæ. Тæссаг адтæй, уоми ка æрæмбурд æй, уони æхсун ку байдайуонцæ, уомæй. Фал демонстраци райевгъудæй æнæ зианæй.

Феврали революци ку фæууæлахез æй Мæскуй, уæд, гъуди ма 'й кæнун, газет «Русское слово» рацудæй уæхæн устур сæргонди хæццæ – «Падение старой власти». Адæм, цийнæгæнгæй, кастæнцæ газеттæ æма арфитæ кодтонцæ кæрæдземæн, паддзах æ бунатæй гæлст ке 'рцудæй, уой туххæй.

Мах, студенттæ, берæ адæми хæццæ революцион зартæ кæнгæй, рандæ ан Александрон къазармити размæ, цæмæй ракорæн юнкертæ æма сæ афицертæй революций фарс æрлæууни барæ.

8

**Номдзуд финсæг, революцион архайæг Герцен Александр Ивани фурти райгурдбæл 6 апърели æнхæст кæнуй дæс æма дууæсæдæ анзи (1812-1870).**

***Всеволод МИЛЛЕР (1848-1913), уруссаг науки æма культури номдзуд архайæг: «Иристони гурдзиæгтæ минкъий нæ исаразтонцæ аргъауæнтæ æма моладзандæнттæ, кæцитæ нури рæстæги лæуунцæ ихæлдтитæй æма си рауадæй, дзиуæрттæ ке хонунцæ,***


Ильинаг аргъауæн Дигоргоми Фæрæскъæтти.

# ИСОНИБОНИ ДÆР СИ СОМИГЪОН КУД УÆН!..



ЦОПАНТИ Валерий,
фæллойни ветеран

ЗÆГЪУН гъæуй уой, æма сауæнгæ недзамантæй фæстæмæ дини æгъдау адæми царди ахæста зингæ бунат. Советон доги идеологимæ гæсгæ, еци фарстатæмæ адтæй бустæги æндæр цæстингас. Кедæр зæрдæмæ цудæй, кæмæн дæр ба – нæ. Раздæри фæлтæртæй ка æхуæдæг æрæййафта еци рæстæгутæ, ка ба сæ игъосгæ фæккодта. Нури фæсевæд дæр еци царди хабæрттæ зонунцæ, фал сæ зонундзийнæдтæ æцæгдзийнадæй никки æнхæстдæр ку уонцæ, уæд е зæран нæ уодзæнæй. Æма еци ихæс æнхæст кæнун ба сæхемæ гъæуама есонцæ, еци гъуддаги арæхстгиндæр ка 'й, еци ахургæндтæ, публицисттæ, диникустгæнгутæ...

Киристон дини бæрæггæнæнтæ археологти æртæститæмæ гæсгæ Иристони фæззиндтæнцæ хъæбæр раги. Дигоргоми дæр уотæ. Зæгъæн, дзиуари æууæлтæ ес Багъайти федæртти Къумбулти сæрмæ. Нимайунцæ сæ, XI-XII æности арæзт æрцудæнцæ, зæгъгæ. Нур си цалцæг кæнуни куститæ цудæй.

Фæрæскъæтти ес XIV æноси арæзт дзиуарæ (Ильинский храм).

Дигоргоми гъæути медæгæ киристон дин парахат кæнуни куст еуæй – еу æртасгути нимадмæ гæсгæ райдæдта 1745 анзи. Диникустгæнæг саугинтæ куд амудтонцæ, уотемæй Дигори адæм æновуддæр адтæнцæ муртак (язычество) динбæл. Хуарз цæстæ дардтонцæ пусулмондзийнадæмæ, зæгъæн, Дзинагъай æма Донифарси мæзгиттæ дæр адтæй.

Иристойнаг ахургонд Агайти Руслан куд зæгъуй, уотемæй 1745-1746 æнзти Дигори еуæй-еу бонгиндæр муггæгти минæвæртти фæндадтæй Уæрæсей дзиуарæфтаун искæнун, цæмæй уой фæсте æнцондæрæй æ дæлбарадæ райсонцæ. Кæсæги ездæнтти хæццæ син адтæй бастдзийнадæ, æма еци гъуддагæй уони фæнзтонцæ. Хумæтæг адæм дæр уой уидтонцæ, Уæрæсей хæццæ Иристон ку байеу æй, уæд сæ цардиуаги кæдимайди ба ести хуарз æййивддзийнæдтæ 'рцæуидæ. Киристон динбæл си хуæст ка адтæй, етæ ба 'й лæдæрдтæнцæ, уой фæрци сæ дин федардæр ке кæндзæнæй, уой. Аци гъуддагмæ æвæрæн бахаста Гатути Алексей – уæлдæр дини архайæг. Ахургонд-æртасæг Гостити Ларисæ куд зæгъуй, уотемæй Гатуй-фурт адтæй хуæнхон дзилли 'хсæн ахурадæ парахатгæнæг, киристон дин адæми 'хсæн федаргæнæг. Æ бийнонтæ цардæнцæ Уæхъæци, Дур-Дури, уæдта Киристонгъæуи. Дини ахурадæ райста Дзæуæгигъæуи, уой фæсте ба Тифлиси дини уæлдæр семинарийи. Берæ рæстæг саугини куст кодта Салигæрдæни (нури Алагири) аргъауæни, адтæй си ахургæнæг дæр. Фиццагидæр е райдæдта аргъаун иронау. Уой размæ аргъуд цæуидæ гурдзиагау, кенæ ба уруссагау. Адæм еци 'взæгтæ нæ зудтонцæ æма аргъуди медес нæ лæдæрдтæнцæ.

Адæми астæу дини куст æнтæстгинæй ке хаста, уой туххæй Гатути Алексейæн байхæс кодтонцæ еци гъуддаг Дигоргоми рапарахат кæнун. Уой фæрци аргъауæнтæ арæзт æрцудæй Секери, Мæхчески æма Стур Дигори. Стур Дигори аргъауæн арæзт æрцудæй 1879 анзи (в честь Святого Великомученика Георгия Победоносца). Нури рæстæги еци азгъунсти ес клуб. Райдайæни ами саугини куст кодта гурдзиаг – Схиртладзе. Стурдигойрæгтæн Гурдзий хæццæ адтæй бастдзийнадæ. Кæрæдземæ цудæнцæ, айдагъ дини хабæртти нæ, фал царди иннæ гъуддæгути фæдбæл дæр. Аргъауæни мурæ дæр æфцæгутæбæл æрбахастонцæ Гурдзийæй, æхсæрдæс путей уæзæн. Нур дæр æнæгъæнæй 'й, гъæуи астæу ауигъд æй. Киристон дин Стур Дигори æрфедар æй айдагъдæр хумæтæг адæми 'хсæн нæ, фал сæ ездæнттæ, «царгасатæ» ке худтонцæ, уонæмæ дæр. Етæ сæхе ецирдæмæ рахаттонцæ. Дæнцæн æрхæссун æнгъезуй, уæхæн хабар – Хъантемурти Геуæрги, ездæнттæй уогæй, XIX æноси æмбеси Тифлиси дини семинарий каст фæцæй. Фæстæдæр ами дини фарстатæ куд æнхæстгонд цудæнцæ, уой бæлвурдæй исбæрæг кæнун нæма бантæстæй, фал архайун сæ исбæлвурд кæнунбæл. Фал куд фегъустон, уотемæй, фæстаг саугин ба си адтæй гурдзиаг Сео. Кæд е Схиртладзе адтæй, уой дæр бæлвурд нæма зонун. Еске кæд хуæздæр зонуй Стур Дигори аргъауæн æма дини гъуддæгутæ, уæд бæргæ хуарз уидæ, уони нæ дзиллæн радзорун.

Раздæр, 1859 анзи, аргъауæн (церковь Великомученика и Победоносца Георгия) арæзт æрцудæй Гæлиати – Уæллагкоми гъæуи. Райдайæни уоми саугини куст ка кодта, уой исбæрæг кæнун дæр мин нæма бантæстæй. Фал 1896 анзи ба си саугинæй косун райдæдта Коцойти Мосей, адтæй Мæхчески зилди (приходи) аргъауæни скъолай ахургæнæг. Æрæдони дини семинарийи рауагъдон, хъæбæр зæрдиагæй архайдта, цæмæй арæзт цудайдæ аргъауæнтæ, дини скъолатæ, ирæзгæ фæсевæд си куд ахур кодтайуонцæ, куста дини киунугутæ ирон æвзагмæ тæлмац кæнунбæл. Нимад цæуй фиццаг ирон журналистбæл, киунугутæ уадзуни гъуддаги раздзæуæг. Коцой-фурти фæсте Гæлиати аргъауæни, сауæнгæ æ фехалуни уæнгæ (1927-1930-аг æнзти) саугин адтæй Цопанти Николай. Е ахур кодта, Гæлиати дууæкъласон, Мæхчески цуппаркъласон аргъауæни скъолати, уæдта Æрæдони семинарий, куста Уæллагири аргъауæнти диакъонæй. Саугини ном ин лæвæрд æрцудæй Казани духовон академий. Фиццаг рæстæг куста саугинæй Ходи, уой фæсте ба – Гæлиати. Уæллагкоми косгæй, хъæбæр разæнгардæй архайдта, цæмæй адæм еузæрдиуон адтайуонцæ киристон динбæл, сувæллæнттæ ахур кодтайуонцæ аргъауæни дууæкъласон скъолай. Æма ин æнтæсгæ дæр берæ кодта. Сæрустур адтæй Гæлиати скъолай райдайæн къæлæсти æ ахурдзаутæй беретæй – зæгъæн, Гапбати Иван æма Дзилихти Иванæй. Сæ дууебæл дæр Николай нæмттæ исæвардта аргъауæни дзиуарæфтаугæй. Гапбати Иван нæ республики номдзуддæр лæгтæй еу, хецаудзийнади бæрнон бунæтти берæ æнзти дæргъи æнтæстгинæй фæккуста. Хонхмæ æрбафтуйгæй некæд райевгъудæй Николайбæл. Мадта Дзилихти Иван ба иссæй дессаги искурдиадæгин хирург. Æ еци дæсниади фæдбæл ин лæвæрд æрцудæй сугъзæрийнæ операцитæгæнæн кард. Адтæй медицинон институти доцент. Еу загъдæй, Уæллагкоми ирæзгæ фæсевæд хъæбæр æновуд адтæнцæ ахурбæл. Николай ма ахид зæгъидæ, уой æма паддзахи дзамани Японий хæццæ, уæдта Фиццаг дуйнеуон тугъдтити Уæллагкомæй барвæндонæй архайгутæ, иннети хæццæ рабаргæй, зингæ фулдæр адтæнцæ. Ахид кæнидæ Абæгати Амурхан æма Гасинти Харитъони кой.

Ес ма уæхæн æвдесæнтæ. Владикавкази Епархий минæвар бæрæг кодта Дигоргоми аргъауæнти дини куст куд цæуй, уой. Фиццаг фæцæнцæ Стур Дигори, уой фæсте Мæхчески Церетелимæ. Сæ балций кæрони ба – Гæлиати. Адтæй хуцаубон. Æма хуцаубони аргъудадæмæ (службæмæ) еугур гъæутæй дæр æрæмбурд æнцæ сæ кари адæм. Епархий минæвари, уæдта иннæ гъæути саугинти зæрдæмæ фæццудæй адæми еузæрдиуондзийнадæ. Служби рæстæги ма сæ деси бафтудта аргъауæни зартæ куд рæсугъд зардтонцæ, е дæр. Бустæги бæрæг адтæй Гугæлти Майрæни зард. Десгæнгæй сæ сахайраг минæвар бафарста, ка 'й еци зартæгæнæг, зæгъгæ. Байамудтонцæ ин æй: хуæнхаг, æнахургонд адæймаг. Уой фæсте иннæ саугинтæн бауайдзæф кодта, Николайæн ба райарфæ кодта. Историй байзадæй уæллагкоймæгтæ аргъауæни фарс адæм адтæнцæ, айдагъ дзиуарæмæ цæунæй нæ, фал ма ке бон куд адтæй, уотæ ин агъаз кодтонцæ аллихузи фæрæзнитæй. Дæнцæн байзадæй Дзилихтæй еу силгоймаги хуæрзауодæн – е дæс æма инсæй соми балæвар кодта аргъауæнæн дзаумæуттæ балхæнунмæ. Цубур загъдæй, Гæлиати аргъауæни дини фарстатæ куд æнгъезуй, уотæ æнхæстгонд цæунцæ. Епархий минæвари зæрдæмæ уойбæрцæбæл фæццудæй æма Николайи æ хæццæ райста Уæллагири, Владикавкази аргъауæнтæ куд косунцæ, уой бæрæг кæнунмæ. Еци куститæбæл рацудæй еу-æртæ мæйи. Николай æ хуарз архайди туххæй Владикавкази епархий курдиадæмæ гæсгæ хуарзæнхæгонд æрцудæй Орден Святого Владимирайæй æма дзиппидаргæ сугъзæрийнæ сахаттæй, кæций къопбæл финст адтæй: «От его Императорского Величества и Святейшего Синода». Уæллагкоми цæрæг адæм хъæбæр кадæ кодтонцæ Николайæн. Нимадтонцæ 'й. Евгъуд æноси 30-аг æнзти рæстæг бæргæ гъавтонцæ, цæмæй æ бийнонти хæццæ æрвист æрцудайдæ Сибирмæ. Фал уой фæдбæл еумæйаг æмбурди адæм еугурæй дæр æ фарс исгъæлæс кодтонцæ, нæй бауагътонцæ еци æверхъау хузи бафхуæрун. Æ рамæлæти (1962 анзи) уæнгæ 'й дзиллæ худтонцæ Цопанти Саугин, зæгъгæ.

Иннæ аргъауæн 1879 анзи арæзт æр-



*уæхæн рауæнтæ. Уотæ дæр зæгъун æнгъезуй, æма бунæттон дзиуæрттæн сæ фулдæр хай, уæлдайдæр ба хъæбæр цитгийнаг цæстингас дард кæмæ цæуй, еци рауæнтæ кæддæр аргъуд æрцудæнцæ киристон ковунаккагæй...»*





Лаврентий ЦЕРЕТЕЛИ



КОЦОЙТИ Моисей



ГАТУТИ Алексий



ЦОПАНТИ Николай

цудæй Мæхчески – Тъæпæн Дигори гъæутæн 1879 анзи. Хундтæй: «Церковь св. Николая Чудотворца». Аргъауæни фарсмæ арæзт æрцудæй цуппаркъласон скъола. Мæхчески аргъауæни æ рамæлæти уæнгæ саугинæй куста Лаврентий Церетели. Зæгъун æнгъезуй, Церетели Дигори нууагъта устур цитгийнаг ном. Æ дзамани хъиамæтгун адтæй фæсевæди гъомбæл кæнун æма сæ ахури надбæл аразуни арфиаг гъуддаги. Мæхчески скъола исаразун дæр адтæй уой фæрци. Агурдта фæрæзнитæ, адæми дæр æртумбул кодта скъола аразуни гъуддаги. Æхуæдæг дæр сауæнгæ æхе æхцай фæрæзнитæбæл нæ аурста, кæд æма æ бийнонтæ æгудзæг цард æвзурстонцæ, уæддæр. Раст зæгъгæй, аргъауæн æма скъола кæрæдзебæл æнгом баст адтæнцæ. Ахуради гъуддагбæл хонхи адæм æновуд уогæй, динмæ дæр дардтонцæ хуарз цæстингас. Лæдæрдтæнцæ 'й, исонибон ахурдзинадæй ке ‘й, уой.

Хестæр адæм куд дзориуонцæ, уотемæй Церетели айдагъ дини гъуддаг нæ кодта, фал царди хумæтæг хабæртти дæр адтæй фæнзуйнаг. Æ цæуæт – хуæрзæгъдау, коммæгæс, ахури раззагдæрти хæццæ. Мадта æ хæдзари фæлуст дæр, ка сæмæ бацæуидæ, уони деси æфтудта. Сæ хуссæнтæ адтæнцæ æфсæйнагæй, фæлмæн уорс гъæццæлттæй æмбæрзт. Къæрæзгитæбæл рæсугъд æмбæрзæнтæ. Хæдзари пец, астæу арти бæсти. Никкидæр ма берæ уæхæн аллихузон гъуддæгутæй адтæй фæнзуйнаг. Мæхчески рагон цæргутæ ма æримисиуонцæ, Церетели фæткъутæ æма кæрдтути дзæхæрадонæ куд искодта, уой. Баздахтæй æма æрбаласта кæцæйдæр талатæ. Скъолай комкоммæ картофи зæнхи сæ аразун нийиагайдта. Гъæуккæгтæ æрæмбурд æнцæ æма загътонцæ: «Лаврентий сæри зундæй фæккиудтæй, еске дæр ма картофи зæнхи бæлæстæ аразуй...» Раст зæгъгæй, еунæг Гецатæ 'й бафæнзтонцæ. Рæстæгутæ рацудæй æма бæлæстæ рæзæ дæттун райдæдтонцæ. Беретæ еци нæуæгдзийнади пайда ку фæууидтонцæ, уæд уонæй дæр кадæртæ рæзæ бæлæсти куст кæнун байдæдтонцæ. Уой размæ ба картофи дууæ голлаги æйийивтонцæ еу фæткъути голлагæбæл. Церетели ци рæзбун искодта, е фæстагмæ бацæй колхози æма косгæ бæнттæмæ гæсгæ рæзæ иурстонцæ колхозонтæн. Церетелий рæзбунæй нур дæр ма еуцалдæр бæласи ес.

Церетели гурдзиаг уогæй, дигоронау дзæбæх дзурдта. Уарзта хуæнхаг адæми. Аразта сæ раст надбæл. Раздæри хестæртæ ин æ кой кæниуонцæ, куд ахид уайдзæф кæнидæ, цæмæй карз ниуæзтæбæл æхцул ма адтайуонцæ. Æримисиуонцæ уæхæн цау: еу, дан, сауæдонæмæ æ бæх куд бакодта æма е ниуæзт ку фæцæй, уæд имæ дзоруй: «Баниуазæ!.. Баниуазæ дин зæгъун!..» Бæх æнцад лæууй. Æма Церетели, ка си адтæй, уонæмæ дзоруй: «Фæууидтайтæ, хайуан махæй зундгиндæр æй. Цæйбæрцæ ‘й гъудæй, уой баниуазта. Мах ба кæрæдземæ нillæууæн – баниуазæ, баниуазæ дин зæгъун». Берæ уæхæн гъуддæгути фæдбæл Церетелимæ кади цæстингас дардтонцæ Дигори адæм. Нимадтонцæ 'й æма ин аргъ кодтонцæ.

Церетели æ рамæлæти уæнгæ (1924 анзи) фæццардæй Мæхчески. Æвæрд дæр æрцудæй ами аргъауæни тургъи. Ес ин уоми циртдзæвæн дæр æвæрд.

Дигоргоми киристон дини рапарахатти фарстати фæдбæл мæ радзубанди, ка 'й зонуй, еуцæйбæрцæдæр уæлдзæнгомау æй. Фал, ку зæгъун, уой фæдбæл хабæрттæ бундоронæй зундгонд кæмæн æнцæ, етæ сæ газеткæсгутæн ку фегъосун кæниуонцæ, уæд е бæргæ хуарз уидæ. Уомæн æма хъæбæр ахсгиаг æй, еуемæй, нæ дзиллæ нæ евгъуд дзаманти ахсгиаг хабæрттæ бæлвурддæрæй æма æнхæстдæрæй зондзæнæнцæ, иннемæй ба се ‘цæгдзийнадæ æнхæстæй гъæуайгонд æрцæуудзæнæй, æма сæ нæ фæсте ци фæлтæртæ фæззиндзæнæнцæ, уонæмæ æнæ цъæхуæлæй исæмбæлдзæнæнцæ. Еузагъдæй, абони нæ байархайун гъæуй, цæмæй нæ адæми монон культури хæзнатæ гъæуайгонд æрцæуонцæ æма си исонибони дæр цæмæй сомигъон уæн!..



Аргъауæн Стур Дигори

**ФÆСДЗУРД РЕДАКЦИЙÆЙ**

## ЗУНДГИН ЕВГЪУД ДОГÆЙ ДÆР ЗУНД АГОРУЙ!..

«Терские ведомости», зæгъгæ, Октябри революций размæ ци газет уагъд цудæй, уой номертæй еуеми (1911 анзи, №273) фæззиндтæй æнæном автори уац «Древние святыни в горах Дигории». Æма си уотæ финст адтæй:

«Дигори хуæнхти нуриуæнгæ дæр ма байзадæнцæ æрдæгихæлдтити уавæри цалдæр недзамайнаг аргъауæнтæ, кæцитæн бунæттон цæргутæ кадæ кæнунцæ. Се ‘ндагон бакаст уоййасæбæл нæ хецæн кæнуй хумæтæг хуæнхон хæдзæрттæй – гъеуæхæн минкъий дуæрттæ æма къæрæзгитæ, гъеуæхæн тъæпæн уæлиндзæ æма æндæртæ.

Медæгæй ба си дууæ хайади – ковæн рауæн æма рæбуйнаг хай. Еци хаййи гъæуайгонд ма цæунцæ еуæй-еу уæлфæдзæхст дзаумæуттæ (мигæнæнтæ), изгæхуæрдæй æма ругæйдзагæй, еу рауæни ба (Мæхческæй минкъий идарддæр) фæууидтон сауæнгæ кæттæгтæ дæр ма изæдти сорæттæ сæбæл хузæгонд, уотемæй. Адæм арф табуйаг зæрдиуагæ дарунцæ еци недзамайнаг цитгийнæгтæмæ æма син алли анз дæр æрхæссунцæ нивондæгтæ.

Уой туххæй ами æвæрд æнцæ гъæдин асиктæ, кæцитими анзи дæргъи бамбурд уй еугай æма дугай сауритæ. Фæстаг рæстæги, уогæ, еци ассиктæ, кæд си адæм раздæри хузæн ма сæ мисайнæгтæ æвæрунцæ, уæддæр анзи кæронмæ ревæд разиннунцæ – «сæгъæ дзæхæдзародæнæмæ фæййахур æй…»

Гъе уæхæн цæстдард революций размæ дæр кæмæдæрти æма цæмæйдæрти адтæй киристон аргъауæнтæмæ æма аци дини цитгийнаг рауæнтæмæ, фал уæлдай æвæгæсæг ба иссæнцæ советон доги. Сæ фулдæрæй-фулдæр нæдæр гъæуайгонд нæ цудæнцæ, нæдæр сæмæ нæ зилдæнцæ. Æма бустæги нихxæрнæгъ æнцæ. Уотемæй етæ дæр адтæнцæ æма нерæнгæ дæр ма æнцæ, нæ рагфидтæлтæй нин ке балæвар кодтонцæ, еци агъазиау æвдесæнтæ нæ адæми уодварни агъазиаудзийнадæн.

Хуарз æма уой нæ дзиллæ нур æнхæстæй балæдæрдтæй, æма фæстаг рæстæгути гъæугæ мадзæлттæ арæзт цæуй еци рæдуд исраст кæнуни фæдбæл.

Нæ Иристони бæрцæ историон гъæздугдзийнæдтæ берæ адæмихæттитæмæ, баруагæс уи уæд, нæййес. Æма мингай æнзтæ кæбæл цæуй, еци рагон объекттæбæл рæстæг, гъулæггагæн, фудæрдæмæ фæббæрæг æй, сæ фулдæр фехалдæнцæ, цæнддортæ фестадæнцæ. Уони иснæуæг кæнунæн берæ рæстæги дæргъи фадуæттæ æма гæнæнтæ нæ адтæй. Нур уæхæн равгитæ фæззиндтæй æма нæ бæсти дæснидæр специалисттæ – реставратортæ комкоммæ архайунцæ нæ фидтæлти хæзнатæ сæ раздæри хузи раздахунбæл. Уогæ еци арфиаг гъуддаг хецæн дзубандий аккаг æй æма, куститæ куд цæунцæ, уой хæццæ уæ базонгæ кæндзинан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми.

***ГУЛУТИ Андрей: «Адæймаги гъуддаги берæ цидæртæ фæддунд унцæ, феронх сæ уæн. Фал нецихузи феронхгæнæн ес, советон доги райдайæни нæ уæдиккон поэттæ ци монон бонигъæди цардæнцæ, уой. Етæ уолæфтæнцæ революций уæлдæфæй... Уæди поэзий бæлвурдæй рартасæн адтæй, нæуæг цард аразунмæ нæ адæми хъаурæ æма нифс...»***

# «ÆЗ ФÆУУИДТОН МÆХЕ ЦÆСТИТÆЙ...»



Гулути Андрей (галеуæрдигæй фиццаг) номдзуд рохситауæг Æмбалти Цоцко (астæуæй) æма ахургонд Абайти Васой хæццæ.

5

Ку бахъæрдтан къазармитæмæ, уæд адæм фæдздзурдтонцæ прапорщикти скъолай хецаумæ. Е рацудæй æндæмæ, ислæудтæй дуармæ æма бацæуæн исæхгæдта.

Адæм курдтонцæ, цæмæй юнкертæ рацæуонцæ скъолайæй, сæ хæццæ цæуонцæ Сурх фæззæмæ æма зæгъонцæ сæ арфи дзурдтæ революцийæн. Фал скъолай хецау загъта:

– Нуртæккæ цæуй тугъд æма мах æфсæддон гъуддагбæл ахур кæнæн нæхе, ниууадзетæ нæ!..

Уæд адæм исгъæртæ кодтонцæ: «Долой его!» æма 'й еуварс рагæлстонцæ. Еу студент исуадæй къæпхæнтæбæл, юнкерти хæццæ бадзубанди кæнон, зæгъгæ. Фал æй уоми еу афицер рамардта. (Иннæ бон еци студенти байвардтонцæ устур кади хæццæ. Газеттæ «Русское слово», «Раннее утро» æма æндæртæ агурдтонцæ, цæмæй æ рамарæг карз æфхуæрд æрцæуа).

Еци рæстæги юнкертæ къæрæзгитæй гъæунгæмæ кастæнцæ. Афицертæ сæбæл дуæрттæ, æвæдзи, исæхгæдтонцæ æма сæ æндæмæ рацæун нæ уагътонцæ. Уалинмæ юнкертæ æд топпитæ рагæппитæ кодтонцæ гъæунгæмæ æма рæнгъгай ислæудтæнцæ, æригон прапорщик дæр сæ хæццæ, уотемæй. Прапорщик æ сæрбæл арфдæр æркодта æ уæлдзарм цъæх ходæ æма равардта бардзурд:

– На плечо! Шагом марш!..

Æма юнкертæ, революцион зартæ кæнгæй, рандæнцæ адæми хæццæ Сурх фæззæмæ – революцибæл цийнæ кæнунмæ.

Сурх фæзи адтæй хъæбæр берæ адæм, се 'хсæн берæ æфсæддонтæ дæр, уотемæй. Адæм цийнæ кодтонцæ, революци ке фæуæлахез æй æма паддзах æ хъозонти хæццæ æ бунатæй гæлст ке 'рцудæй, уой фæдбæл. Адæми еци цийнæдзийнадæ рахаста идарддæр дæр, цийнæ кодтонцæ революций фæуæлахезбæл. Трамвайи цæугæй уæхæн студентти кенæ чиновникти ку фæууинонцæ, паддзахи коронитæ ма ка хаста æ уæледарæсбæл, уæд син сæ рафтауиуонцæ æма сæ, ходгæй, гæлстонцæ трамвайæй гъæунгæмæ.

Устур Октябри социалистон революций хуæдразмæ бæрæг адтæй, адæм Мæскуй æнцад ке нæ адтæнцæ, е. Æмбурдтæ кодтонцæ сахари фæзти æма æргомæй дзурдтонцæ, Рæстæгмæ хецауадæ хуарзæй ке неци равардта адæмæн æма ма тугъд исцирен кæнунбæл ке архайуй. Уæхæн митинг адтæй Серпухови фæзи дæр. Æз мæхуæдæг дæр адтæн уоми æма мæхе цæститæй фæууидтон æма фегъустон, куд дзурдтонцæ: «Долой Временное правительство!..»

Уæхæн митинг адтæй Коммерцион институти дæр. Студенттæ фæкъкъуæрттæ 'нцæ, – еуетæ дзурдтонцæ большевикти фарс, иннетæ – Рæстæгмæ хецауади фарс. Еци митинги дзурдтонцæ профессортæ дæр. Ци гъуди кæнун, уотемæй еу профессор (æ муггаг ми феронх æй) дзурдта, зæгъгæ, адæм уотæ ку зæгъонцæ, зæронд дзамани хуæздæр цард адтæй, уæд революцийæн е 'сæфт æрцæудзæнæй æма уомæ гæсгæ революций уагæвæрд ихалун нæ гъæуй.

Гъуди кæнун (е дæр адтæй Серпухови фæзи) еу минкъий биццеу уæйæ кодта газет «Правда». Уæд имæ бацудæй еу кæсæнцæститæгин интеллигент æма ин байста æ газеттæ, ма сæ уæйæ кæнæ, зæгъгæ. Биццеу никкудтæй æма загъта:

– Цæмæн мин байстай мæ газеттæ, цæмæннæ мæ уадзис уæйæ кæнун?..

Интеллигент ин равардта æхца еуцæйдæрбæрцæдæр, цæмæй кæугæ мабал кæна, фал биццеу уæддæр æ кæунæй нæ банцадæй.

Мæ фатери размæ цардæй, тугъдæй ка исæздахтæй, еу уæхæн æфсæддон. Хусгæ сæйгæ ке адтæй, уой туххæй æй исуæгъдæ кодтонцæ æфсæддон кустæй. Садæй чехоткæй. Бæрæг адтæй, берæ кенæбал фæццæрдзæнæй, е. Е алкæддæр дзурдта:

– Цæбæл фæттох кодтон тугъди? Хуарзæй мин ци равардтонцæ? Ме 'нæнездзийнадæ байсавдæй...

Октябри социалистон революци Мæскуй рацудæй хъæбæр карзæй. Кæд Феврали революцийбæл беретæ цийнæгæнгæй исæмбалдæнцæ æма кæрæдземæн арфитæ кодтонцæ æма сæ уæледарæсбæл сурх лентитæ бакодтонцæ, уæд Октябри революцийбæл ба исæмбалдæнцæ куддæр тæрсгæй, куддæр æнахур цæстингасæй имæ кастæнцæ, уæлдайдæр ба бонгинтæ. Кæд Феврали революций фæсте бонгинтæ, арази уогæй, æхца лæвардтонцæ «Сæребайради æфстауæн», уæд Октябри революцийæй ба фæттарстæнцæ, ислæудтæнцæ æ нихмæ.

Буржуази æ бартæ раттунмæ нæ гъавта æма тох кодта пролетариати нихмæ, фæллойнæгæнæг адæми нихмæ. Куд дзурдтонцæ, уотемæй юнкертæ сæ афицерти хæццæ сæхсæбæл исæхгæдтонцæ Кремли дуæрттæ, нæ лæвардтонцæ сæхе æма неке уагътонцæ Кремлмæ бацæун. Фал большевикон æфсæдтæ Воробьеви хуæнхтæй (нур хуннунцæ Ленини хуæнхтæ), Кремли ка бабадтæй, еци юнкертæ æма афицерти æхстонцæ дзармадзантæй æма син фæстагмæ басастонцæ сæ нихмæлæуд. Юнкертæ сæхе равардтонцæ.

Æз фæууидтон мæхе цæститæй, большевикти фарс ка адтæй, еци æфсæддонтæ кумæдæр куд ракодтонцæ æхе ка равардта, еци юнкерти сæ афицерти хæццæ. Нæбал адтæй, большевикти нихмæ ка тох кодтайдæ, уæхæн тухтæ. Хецаудзийнадæ кæнун Петрогради æма Мæскуй байдæдта Адæмон Комиссарти Совет, æ сæргълæууæг В.И. Ленин, уотемæй.

Еци рæстæг æз хъæбæр фæссæйгæ дæн индисæй. Дохтиртæ мин куд унаффæ кодтонцæ, уотемæй мæ рандæун гъудæй Хонсар Кавказмæ. Æз райстон уæгъди билет институтæй (зуймон каникулти рæстæги) æма ниллæудтæн Кавказмæ цæунбæл. Фал билет райсун æма поезди исбадун еци рæстæг адтæй хъæбæр зин. Æз дууæ-æртæ хатти рандæ дæн Рязани вагзалмæ, фал билет райсун мæ къохи нæ бафтудæй. Фæстагмæ райстон билет æма рандæ дæн вокзалмæ. Адтæй æхсæвæ, декабри мæйæ. Æз тухласæ кодтон зæнхæбæл мæ фæсте мæ дзæкъолæ æд киунугутæ æма дзаумæуттæ, уотемæй цудтæн поездмæ. Игъустон топпи гæрæхтæ. Гъæуайгæнгутæ гъæр кодтонцæ: ма цотæ, æхсгæ кæндзæнæнцæ, зæгъгæ. Фал уæддæр æз бацудтæн поездмæ, бахуастон вагони дуар. Неке игон кодта дуар, уæдта хъæбæр ку нихххуастон, уæд еу биццеу дуар байгон кодта æма ку базудта, студент дæн, уой, уæд исдзурдта:

– А, студент ку дæ ду... Рацо, студент нæхе æнсувæр æй...

Æхуæдæг дæр разиндтæй студент. Бакодта мæ вагонмæ, уоми бадтæнцæ еу къуар студентти æма курситски. Базонгæ дæн сæ хæццæ. Етæ дæр мæн хузæн цудæнцæ сæ хæдзæрттæмæ. Поезд ранæхстæр æй, æцæг сæумæй еу-дæс сахаттебæл. Ести хуæруйнаг балхæнун нæ ку бафæндæуидæ надбæл, уæд рахезианæ вагони къæрæзгитæй, фæстæмæ дæр бахезианæ уобæлти. Уотемæй цудан поезди, цалинмæ еугай-дугæйттæй нæ фæххецæнтæ ан кæрæдземæй.

Уотемæй æрбахъæрттæн мæ райгурæн гъæу Ерастъимæ. Уоми мæбæл уайтæккæ æрæмбурд æнцæ мæ гъæуккæгтæ, æма мæ фарстонцæ мæскуйаг хабæрттæбæл. Æз син радзурдтон, Мæскуй цитæ фæууидтон, уони. Радзурдтон син, Октябри революци куд æрцудæй æма большевиктæ куд фæууæлахез æнцæ... Е адтæй 1917 анзи декабри фæстаг бæнтти...

Фæстæдæр, 1918 анзи цардтæн Дзæуæгигъæуи, большевикон газети ниммухур кодтон революцион æмдзæвгитæ «Песня гор» æма «Россия». Фиццаг æмдзæвгæ мухургонд адтæй газет «Горская беднота»-йи, дуккаг ба – газет «Народная власть»-и.

Нур дæр ма мæ зæрдæбæл лæуунцæ 1918 анзи уæззау цаутæ. Дзæуæгигъæумæ æрбалæбурдтонцæ уорсгвардионтæ, æрра æрдонгтæ, ихалдтонцæ советон цардаразт, мардтонцæ советон хуæздæр косгути. Æз уæд цардтæн Дзæуæгигъæуи, Мещанти (нур Революцион) гъæунги, куд ма гъуди кæнун, уотемæй 13-аг хæдзари. Уордæмæ мæмæ мæ уатмæ æрбацудæнцæ еу æртæ-цуппар хъазахъаги æд хуæцæнгæрзтæ, фарстонцæ мæ, ка дæ, зæгъгæ. Æз син дзуапп равардтон: «Студент». Етæ мæбæл, æвæдзи, фæггурусхæ 'нцæ æма мæ сæ дзубандимæ гæсгæ, гъавтонцæ сæ хæццæ рахонун, æвæдзи, кенæ се «штабмæ», кенæ ахæстдонæмæ, кенæ ба, ка 'й зонуй, фехсунмæ...

Тургъæмæ мæ ракодтонцæ æма уоми цæргути фарстонцæ, ка 'й аци адæймаг, зæгъгæ? Тургъи цæргутæ загътонцæ, е студент æй, зæгъгæ, нецигæнæг æй. Уотемæй мæ хъазахъ, мæ амондæн, ниууагътонцæ.

Еци рæстæги мæ фатермæ æрбацудæй поэт Малити Геуæрги. Е еу-дууæ бони, хъазахъæй æхе римæхсгæй, фæццардæй мæнмæ, уæдта, фæстæдæр куд базудтон, уотемæй рандæй е 'мбæлттæй æндæр кæмæдæр. Уомæ æхе римахста, уæдта ин бантæстæй гъæумæ рандæ ун. Августи мæйи стонгæй фæццардтæн, еци бæнтти æхцабæл дæр ести хуæруйнаг иссерун зин адтæй.

Советон хецаудзийнадæ 1920 анзи райдайæни Цæгат Кавкази ку æрфедар æй æма уорсгвардионти Дзæуæгигъæуæй ку фæссурдтонцæ, уæд æз райдæдтон косун Цæгат Иристони ахуради хайади. Уоми, литературон секций косгæй, базонгæ дæн Коцойти Арсен, Къубалти Александр, Бритъиати Елбиздихъой хæццæ. Мах æркасианæ кæрæдзей финститæмæ æма уадзимистæй алкæцимæн дæр æ хуарздзийнадтæ дæр æма лæмæгъдзийнадтæ дæр æргомæй зæгъийанæ... Æз уæд уонæн сæ кæстæр адтæн.

Гъуди ма 'й кæнун, Малити Геуæрги нин е 'мдзæвгитæй финст драмæ «Уад» (Буря) куд бакастæй, уой. Финст ба адтæй уорс æмдзæвгитæй уруссагау, адтæй романтикон. Куд ма гъуди кæнун, уотемæй си дзубанди цудæй хуæнхаг абæргути туххæй. Æхсæнади цардæй гæлст уогæй, абæргутæ адтæнцæ нифсхаст æма бæлдтæнцæ сæребарæ цардмæ. Еци драмæ Малий-фурт хъæбæр берæ уарзта. Еуæй-еу бунæттæ си наизуст дæр радзурдта. Гъулæггагæн, еци драмæ кæмидæр фесавдæй.

Айдагъ оригиналон уадзимистæ нæ кастан не 'мбурдти, кастан тæлмацтæ дæр. Еци рæстæги æз раййивтон ирон æвзагмæ пролетарион гимн «Интернационал» æма 'й ниммухур кодтон газет «Кермен»-и, уæдта «Ирон зарти киунугæ»-йи. Сæ редактор адтæй Барахъти Гино. «Интернационал» мæн тæлмацгондæй фиццаг хатт разардта сахари театри ирон зарти хор Стефановскийи разамундæй. Хъæбæр æхцæуæн адтæй адæмæн фиццаг хатт ирон æвзагбæл «Интернационал» фегъосун.

**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Гулути Андрейæн цæмæдессаг æнцæ æ берæ имисуйнæгтæ, уæлдайдæр ба, нæ национ литератури ке æновуд фæллойни фæрци иразтæй, уони туххæй. Еци æрмæгутæ ин хецæн киунугæй уагъд æрцудæнцæ 1976 анзи дæр. Кæцидæрти мах дæр нæ газети мухур кодтан, кæцидæрти хæццæ ба уæ фæстæдæр зонгæ кæндзинан.*

**Уæрæсей 6 апърели бæрæггонд цæудзæнæй слестгæнæг оргæнти косæги Бон. Нисангонд æрцудæй 1963 анзи 6 апърели ССР Цæдеси Сæйраг Советти Президиуми Указмæ гæсгæ.**

*Максим ГОРЬКИЙ (1868-1936), номдзуд советон финсæг: «Цалинмæ дуйней рæсугъддæр æма дессагдæр фæззиндбæл адæймаги банимайæн, уæдмæ нæ фæййервæздзинан царди æбуалгъдзийнæдтæ æма мæнгарддзийнадæй... Æнæбазур адæмтæ ахид сæхе изæдтæ фæххонунцæ...»*



# «Сæ уæлзæнхон цард пусулмæнттæ гъæуама аккаг хузи æрветонцæ...»



**САБАТИ, 2 АПЪРЕЛИ РАЛÆУДТÆЙ ПУСУЛМОН АНЗНИМАДИ ЦИТГИНДÆР МÆЙТÆЙ ЕУ – РАМАДАН. ЕЦИ МÆЙИ ФИЦЦАГ БОН ÆЙ УОРАЗАЙ РАЙДАЙÆН**

*Хуæрзауодæг, Хуæрзауодæгзæрдæ Еунæг Хуцауи номи хæццæ! Мах нирвистан Хъуран «Аль-Кадр»-и устуради æма аккаги æхсæви. Кæцæй æй зонай ду, ци æй устуради æма аккаги æхсæвæ?! Устуради æма аккаги æхсæвæ æй мин мæйæй хуæздæр, уомæн æма номзагъдæй еци æхсæвæ æрвист æрцудæй Уас Хъуран.*

*Устуради æхсæви изæдтæ æма Джибрил æруадзунцæ сæхе зæнхæмæ сæ Хуцауи барвæндæй æма Æ ниставæнти хæццæ. Устуради æхсæви паддзахеуæг ниллæууй сабурадæ, нæ фæууй нæ зиан, нæ бæлах сæуæхседи райдайæнмæ.*

***Хъуран. Сурæ (Ниставæн)***

Хъурани аци Сурæ уин хумæтæги не 'рлæуун кодтан уæ зæрдитæбæл. Евгъуд сабати, 2 апърели пусулмон анзнимадмæ гæсгæ райдæдта арфæгонд мæйæ Рамадан. Уой райдайæн иссæй, пусулмæнттæн æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг фæтки – Уоразай – райдайæн. Уомæ гæсгæ дуйней еугур пусулмон дзиллæ 29 боней дæргъи ком дардзæнæнцæ, уой фæсте ба сæ ком исуадздзæнæнцæ æма бæрæггонд цæудзæнæй цитгийнаг бæрæгбон комуадзæн – Ураза-байрам.

Хъурани бæлвурд амунд æй, комдарæн цæй туххæй æй æма бæлвурдæй Рамадани мæйи нисангонд цæмæн æй, е. Комдарæн баст æй уæларвон Хъурани зæнхон цард, пахампар Мæхæмæти – Хуцауи салам ин! – минæварадон архайди райдайæни хæццæ. Уомæ гæсгæ ба æцæг пусулмонбæл ци ихæстæ æвæрд фæууй, етæ æгириддæр уæлæнгай хузи æнхæстгонд гъæуама ма цæуонцæ.

Ком бадарун æй пусулмон дини фондз цæгиндземæн сæ ахсгиагдæр æма æнæмæнгæ æнхæстгæнгæ æгъдæуттæй еу. Фал уой дæр зонун гъæуй, æма е 'нхæст кæнун адæймаги æнæнездзийнадæн зæран гъæуама ма 'рхæсса. Уомæ гæсгæ ба Рамадани мæйи комдаруни ихæсæй уæгъдæ 'нцæ: уæззау сæйгитæ, сувæллонмæ ка 'нгъæл кæсуй, уæдта дзедзедай сувæллон кæмæн ес, еци силгоймæгтæ, æнæхъаурæ зæрæндтæ, финддæс анзи кæбæл нæма цæуй, еци сувæллæнттæ, идард надбæл цæуæг бæлццæнттæ.

Рамадани рæстæги ком бадарун цæмæдæр гæсгæ æнхæстæй кенæ ба æгириддæр бадарун кæмæн нæ бантæстæй, уони бон æй сæ еци ихæс фæстæдæр исæнхæст кæнун, æцæг, иннæ Рамадани уæнгæ рæстæги.

Куд еугур Уæрæсей, уотæ Иристони пусулмæнттæ дæр Рамадани мæйæ идайгæй бæлвурдæй лæдæрунцæ комдаруни нисан циуавæр æй, уой: суткити бæлвурд рæстæги хуæруйнагæй хе хумæтæги уорамунæй сæйрагдæр æй Хуцауæй тæрсундзийнадæ, е æй адæймаги уодигъæдæ æма æфсарми менеугутæ æнхæстæй-æнхæстдæр кæнуни зингæдæр, мадзал.

Куд алли рæстæгути, уотæ нури доги дæр æцæг æуууæндæг адæймаг æуууæндундзийнади бундорон фæткитæ гъæуама æнхæст кæна æнæгъæнæй, уомæн æма етæ 'нцæ, æ зæнхон царди надбæл ци рæдуддзийнæдтæ æма имæ бафауйнаг гъуддæгутæ кæсунцæ, уонæй хе багъæуай кæнуни агъазиау фадуат. Сæ уæлзæнхон цард пусулмæнттæ гъæуама æрветонцæ æгъдаугинæй, аккаг хузи, федауцæй, дуйней адæмтæн æности дæргъи хуæздæрæй ци бантæстæй, уони фæнзгæй, зæнхон царди рæстæгмæ хæзнати æцæгдзийнадæ нæ цитгин дин – ислами домæнтæмæ гæсгæ æвзаргæй. Уæрæсейаг пусулмæнттæ алкæддæр хуæст адтæнцæ ислами æцæг хæзнатæбæл, уонæмæ гæсгæ арæзт цардиуагæ æй исахур кæнуни æма бафæнзуни аккаг дæнцæн.

Пусулмон динбæл кæдзос зæрдæй хуæст адæммæ дзоргæй, еу хатт дæр ма нæ фæндуй уонæн сæ зæрдитæбæл æрлæуун кæнун уой, æма Рамадани мæйи ком даруни рæстæг æй уоди устур фæллойни, аллихузон лæмæгъдзийнæдти сæрти бахезуни хъиамæт, уодигъæди хуæздæр менеугути райрæзти рæстæг. Еугур еци гъуддæгутæ домунцæ уод æма бауæри устур хъазауат, хе цард æма ракæндтитæмæ æргомзæрдæ æма æргомцæстæй æркæсун, уомæн æма Еунæг Хуцауи лæвар– адæймагон цард – нæ уæлзæнхон надбæл цæугæй махæй домуй лæдæрундзийнадæ æма æргомдзийнадæ.

Рамадани мæйи уораза дарун пусулмæнттæн исуй хеуодигъæдон æнхæстдзийнадæбæл архайуни рæстæг, – уой дæр уæхæн хузи, цæмæй анзи дæргъи, иннæ æнзтæ æма мæйити дæр си алкедæр архайа æ царди медæги рæдудтитæ не 'руадзунбæл, рæстзæрдæй æма æновудæй æнхæст кæна, дин нæбæл ци ихæстæ æвæруй, уони. Уотемæй хæстæгдæр кæндзинан Исфæлдесæгмæ æма нифсгун уодзинан æ хуæрззæрдæй æма хуæрзауодунæй хайгин унæй.

Сабурдзийнадæ, Еунæг Хуцауи хуæрззæрдæ æма хуарзæнхæ уæ уæнтæ!

**ЖУРНАЛ «ИРÆФ»-И НÆУÆГ НОМЕРБÆЛ РАФÆЛГÆСТ**

# «МА ДÆ САЙÆД 'ХЕМÆ ЕСКЕ АМУНД РÆСУГЪД...»




Æрæги мухури рацудæй литературонаййевадон æма æхсæнадон-политикон журнал «Ирæф»-и аци анзи фиццаг киунугæ. Куд иннæ хæттити, уотæ журналæн æ аци номер дæр медесгун æма гъæздуг рауадæй исфæлдистадон, зонадон æма публицистон æрмæгутæй. Уомæ гæсгæ ба æнæгъæнæй дæр цæмæдессаг уодзæнæй æ кæсгутæн.

Прозæй си бакæсæн ес **Рæмонти Зæлини, Бутати-Хестанти Победи** новеллитæ, **Хохойти Федари** уацау «Мегъæй æхгæд стъалутæ»-йи кæронбæттæн хай. Аланистон киристон дин ку райста, уобæл 1100 анзи исæнхæсти юбилеймæ журнал мухур кæнуй **Цопанти Валерийи** бацæттæгонд æрмæгутæ саугин, зундгонд рохситауæг Цопанти Николайи туххæй, уæдта ма æ этнографион финститæ «Фидтæлти доги æгъдæуттæй», зæгъгæ, еумæйаг сæргонди хæццæ. Цæмæдессагæй бакæсуни аккаг æнцæ **Хъамболти Николайи** цубур радзурдтæ дæр.

Зундгонд финсæг, Устур Фидибæстон тугъди архайæг **Хъазбегти Хъазбеги** цард æма исфæлдистадон нади туххæй журнал ахид фæммухур кæнуй æрмæгутæ. Аци номери ба бакæсæн ес, е 'рвадæ Гадзой хæццæ ин Дзæуæгигъæуи 1938 анзи сабийтæн ци киунугæ «Даду» рацудæй, уордигæй ист æмдзæвгити цикл.

Номдзуд финсæг **Гæздæнти Гайтой** уадзимистæй дигорон æвзагмæ тæлмацæй номери кæсетæ документалон уацау «Францзаг зæнхæбæл»-и кæронбæттæн хай. Аци анзи райдайæни сæ юбилейтæ исбæрæг кодтонцæ Цæгат Иристони адæмон поэт, зундгонд финсæг, публицист **Дзасохти Музафер** æма Уæрæсей финсгути Цæдеси, газет «Рæстдзинад»-и хайади сæргълæууæг **Бизиккати Земфирæ**. Журнали аци рауагъди бакæсдзинайтæ Музафери цуппаррæнгъонтæ æма Земфири æмдзæвгити циклтæ.

Журнали еудадзугон хайадæ «Адæмон исфæлдистадæ»-йи бакæсдзинайтæ зундгонд этнографтæ **Гарданти Михали** æма **Тагъати Еристауи** финст æрмæгутæ.

«Критикæ æма библиографи», зæгъгæ, хайади ба бакæсæн ес нæ литератури классик Малити Геуæргий туххæй Цæгат Иристони адæмон поэт **Бабочити Русланы** финст уадзимис «Гениалон поэт».

Октябри революци æма медбæстон тугъди фæсте карз рæстæгути æверхъаудзийнæдти фудæй æ фидиуæзæгæй ка фæххауæггаг æй, нæ еци æмзæнхон финсгутæй еу адтæй **Хъубадти Агубекир**. Æ цард æма исфæлдистадон нади туххæй профессор **Тахъазти Валери** ци уадзимис ниффинста, уой бакæсæн ес хайадæ «Публицистикæ»-йи, уæдта Агубекирæн æхе финст уадзимис «Хуцауи фарнæй», æ дæлсæргонд «Нæ бийнонти хабæрттæй».

Хайадæ «Ахурадон æрмæг скъоладзаутæн»-и бакæсæн ес Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институти ЮНЕСКО-й кафедри ахургæнæг **Дзтиати Лариси** цæттæгонд æрмæг.

Аци номери мухургонд цæунцæ журнали сæйраг редактори хуæдæййевæг, зундгонд поэт æма публицист **Колити Виталий** æмдзæвгитæ, уæдта æ цуппаррæнгъонтæ, «Цубур дзурдæй», зæгъгæ, син еумæйаг сæргонд, уотемæй. Æма еци цуппаррæнгъонтæй еуеми уотæ зæгъуй:

*Ма дæ сайæд 'хемæ еске амунд рæсугъд.*
*Фæткъуйæн æ рæгъæд арæх фæууй æмбуд.*
*Фæлтау æй дæхе къохæй æртонæ цъæхæй,*
*Цæмæй æй æвæсмонæй хуæрай дзæбæхæй...*

Раст цума нæ абониккон цардиуаги туххæй зæгъуй. Нуриккон Уæрæсей экономикон гъуддæгутæ, уæлдайдæр ба нæ гъæууонхæдзарадон æма промышленнон кустади еугур къабæзти ахедундзийнадæ фæгъгъомусгиндæр кæнунæй комкоммæ ихæсгин ка адтæй, етæ уой æнхæст кæнунбæл æгириддæр сæхецæн нæ исзин кодтонцæ, айдагъдæр уомæ исарæхстæнцæ æма фæсарæйнаг паддзахæдти «рæсугъддзийнæдтæмæ» рахицæ кæнгæй, алцидæр уордæгæй нæ бæстæмæ ласун байдæдтонцæ – уой размæ нæмæ æнтæстгинæй ци продукци уагъд цудæй æма нин æгæрдæр ма ка бæзтæй, уой бæсти фæсарæйнаг продукттæ æма товартæ, сауæнгæ листæг миути уæнгæ, æлхæнунбæл исцалх æнцæ. Е нæ паддзахадæн цæйбæрцæбæл агъазиау тæссаг æй, уотæ син ка дзурдта, еци рæстзæрдæй зундгин адæймæгутæмæ не 'ригъустонцæ, сæ пайдайаг амунддзийнæдтæ сæмæ нимади дæр нæ адтæнцæ. Æма?.. Нæ хецаудзийнади бæрзонд бунæтти бадæг «зундгин реформаторти» æнæсæрфат миути фæстеугутæ ба циуавæр рауадæнцæ, уой ба нæ еугурдæр уинæн: нæ паддзахадæ, е 'нтæстгин ирæзтæн хе еугур равгитæй дæр æнхæст угæй, равзурдæй, æцæгæй арф æма идардмæ гъудигæнагæ адæймæгутæ еци дзорæги ци тасдзийнæдти тухxæй дзурдтонцæ, нæ паддзахадæ нин ци устур фидбилизтæй багъæуай кæнунбæл адтæй сæ тухст, уони туфули. Æма нуриуæнгæ алцитæнецитæ ци паддзахæдтæй æлхæдтан, уонæнин сæ фулдæр нур нæбал уæйæ кæнунцæ, нæ нихмæ аллихузон экономикон-политикон санкцитæ аразунцæ... Æма нæ бæстæ райзадæй, куд фæззæгъунцæ, саст тæгæнай хæццæ...

Бæргæ цæуй дзубанди нæ фидибæстон хæдзаради кустадон гъомусадæ иснæуæг кæнунбæл. Уомæн ба багъæудзæнæй рæстæг, дæсни специалисттæ æма æндæр æнæмæнгæ гъæугæ гъуддæгутæ... Æма сæ исаразунæн ба нæмæ гъæуама разинна нифс æма разæнгарддзийнадæ. Цидæр æй, уæддæр æвæстеуатæй райдайун гъæуй, æма нин гъæуама бантæса – фиццаг хатт нæбæл ку не 'мбæлунцæ ауæхæн зин рæстæгутæ, æма сæбæл алкæддæр ку уæлахез кодтан нæ тухгиндзийнадæй..

**Уæрæсей паддзах Павел I 1797 анзи 5 апърели ци унаффæ рахаста, уомæ гæсгæ пъамещикти барæ нæбал адтæй сæ зæнхикустгæнгути хуцаубæнтти туххæйти косун кæнун.**

***Вячеслав ТЕТЕКИН, доктор исторических наук: «Братская Украина фактически перешла под полный контроль неонацистов, за которыми стоят США. Одним из главных инструментов идеологической обработки населения в руках этих сил, стала оголтелая русофобия, которая приобрела особенно агрессивный характер в последние годы.***



**ГДЕ КРОЮТСЯ КОРНИ ПОДДЕРЖКИ ЕВРОПЕЙСКОЙ ЭЛИТОЙ УКРАИНСКИХ НАЦИСТОВ**

# КРУПНЫЙ БИЗНЕС ОТВЕТИЛ: «Хайль!»

**Александр ЗВЯГИНЦЕВ**
*заместитель директора Института государства и права РАН*

СЕГОДНЯШНЕЕ состояние Европы трудно назвать иначе, как помрачением ума. Даже в самые напряженные годы «холодной войны» не было такой оголтелой русофобии, как нынче. Грозили ядерными ударами, высылали дипломатов, бойкотировали Олимпиаду, но никогда не доходили до того, чтобы жирной чертой вымарать русскую литературу, музыку, живопись, театр, спорт. Без которых, по существу, европейская культура уже не может считаться полноценной культурой.

Май 1941 г. Бомбардировщики французской фирмы «Дорнье» – над Афинами. Скоро будут в небе СССР. Фото: GettyImages

Думается, дело тут не только в конфликте на Украине. И даже жесткий диктат США, от которого Европа, поджав хвост, лишь повизгивает, не исчерпывает ее поведенческих причин. Они глубже.

Европейские страны устали притворяться, что они осудили нацизм, провели душевную денацификацию и навсегда избавились от фашистского прошлого. Оно многих устраивало, но при виде советских танков пришлось открещиваться. И вот теперь, когда появилась возможность, они дружно сбрасывают благообразную маску и выходит на свет их истинное лицо.

## Патрон бельгийский, танк французский

Факты истории свидетельствуют, что в 1941 году на СССР напала не только гитлеровская Германия. Напала и вся остальная Европа, за исключением сербов и греков. На СССР шли испанские дивизии и французские легионы, армии Италии, Румынии, Венгрии, Финляндии, части Чехословакии и Хорватии. Вместе с немцами Брестскую крепость штурмовали австрийцы, а Севастополь – румыны и итальянцы. Даже Албания послала воевать в СССР дивизию СС «Скандербег».

Вся экономика стран, покоренных Третьим рейхом, реально работала против нашего государства. Фактически мы воевали против военно-промышленного комплекса и ресурсов всей Европы. Из Франции вермахту было поставлено более 200 тысяч автомобилей, с ее заводов шли танки «Рено», бомбардировщики «Дорнье». Из Бельгии шло стрелковое оружие, на чешских заводах был налажен выпуск немецких танков, советскую землю топтали сапоги, сшитые на знаменитых чешских обувных фирмах. Даже из нейтральной Швеции поставлялись подшипники для танков и подводных лодок, а также железная руда.

Поставки шли и из США. Компания «Стандарт Ойл» снабжала Германию миллионами баррелей нефти. На Канарских островах была устроена заправочная база для немецких субмарин. Она же продала нацистам через посредников большую партию хлопка, из которого производили порох, а также 25 тысяч тонн взрывчатки.

Американские компании продавали немцам аппаратуру спецсвязи, взрыватели к снарядам, радиолокационное оборудование и многое другое. А компания «Кока-кола», чтобы не засвечиваться, наладила производство в Эссене нового напитка «Фанта». Красноармейцы часто находили в немецких пайках порошок, из которого, разбавив водой, можно было получить апельсиновую газировку.

Достаточно сказать, что прибыль американских корпораций во время войны выросла с шести миллиардов в 1940 году до десяти миллиардов в 1944 году. Хорошо отлаженный американо-немецкий бизнес приносил большие дивиденды.

По словам профессора истории Вашингтонского университета Питера Кузника, с нацистскими компаниями сотрудничали американские «Форд» и «Дженерал Моторс», «Дюпон» и «Ай-Би-Эм», «Зингер» и «Интернешнл Харвестер», «Ай-Ти энд Ти» и «Дженерал Электрик». Генри Форд открыто симпатизировал нацистскому режиму, а у Гитлера в кабинете висел портрет Генри Форда.

Были и люди из Дома Морганов, братья Даллес, Альфред Слоун – генеральный директор «Дженерал Моторс», руководители «Ай-Би-Эм», которые поддерживали хорошие отношения с нацистами и получали огромную прибыль. Компания «Дженерал Моторс» получила после войны 33 миллиона долларов в качестве компенсации за свои заводы, которые разбомбили союзники...

## Агент номер F-7124

Знаменитая Коко Шанель вошла в историю моды прошлого века. Ее духи «Шанель номер 5» по сей день остаются одним из самых именитых брендов.

Но если глубже окунуться в историю жизни легендарной кутюрье, то ее фигура заиграет иными красками. Она была известной антисемиткой, а ее любовником долгие годы оставался барон Ганс Гюнтер фон Динклаге – агент Абвера, нацистской разведки. Рассекреченные во Франции документы проливают свет на тайную работу и самой Коко на немецкую военную разведку. Оказалось, что с 1940 года Шанель была агентом Абвера F-7124 под кодовым именем «Вестминстер». Об этом рассказал журналист Хэл Вон в своей книге «В постели с врагом. Тайная война Коко Шанель», которая вышла в свет в 2011 году.

Основатель знаменитой фирмы ИКЕА Ингвар Кампрад умалчивал о своем членстве в шведской нацистской партии SSS (Svensk Socialistisk Samling), преемнице шведского филиала НСДАП, где активно трудился на высоком посту. Шведская тележурналистка и автор книг Элизабет Кэтрин Асбринк в своей книге «И в венском лесу всæ еще стоят деревья» («Och i Wienerwald str trden kvar»), привела разоблачающую информацию о том, что Кампрад вербовал для SSS новых членов партии. По его собственному признанию, он осуществлял эту деятельность «не жалея времени и усилий», «не упуская ни единой возможности» послужить партийному движению. Компания Siemens участвовала в производстве ракет V1 и V2, разрабатывала проекты печей для крематориев концлагерей. Активно использовала труд заключенных, и случалось, что несчастные находили свой конец в своих же изделиях.

А компания Bayer, ставшая частью конгломерата IG Farben, занималась разработкой химического соединения Zyklon B, которым убивали людей в газовых камерах. С нею тесно сотрудничал за плату печально известный «ангел смерти» – доктор-палач Освенцима Йозеф Менгеле

## Черный интернационал

Рвались отщипнуть себе кусочек от СССР румыны, венгры, хорваты, словаки. В танках Гудериана почти каждый второй водитель был чех. И все они зверствовали не хуже немцев.

Под Ленинградом и Ржевом свирепствовала голландская дивизия СС «Норд-Ланд». Смерть несли итальянцы, испанцы, шестьдесят тысяч французских добровольцев из дивизии СС «Шарлемань» и охранно-карательных отрядов, швейцарцы, фламандцы, валонцы... Дания и Испания послали своих солдат даже без официального объявления войны Советскому Союзу!

В момент нападения в армии Гитлера насчитывалось около миллиона солдат стран – союзников фашистской Германии, входящих сегодня в НАТО.

Остается историческим фактом – до 1943 года численное превосходство в живой силе на советско-германском фронте постоянно было на стороне государств фашистского блока, потому что потери вермахта, а они были большими, быстро пополнялись за счет мобилизационных ресурсов всей Европы.

Показателен в этом отношении национальный состав военнопленных в СССР. В период с 1941-го по 1945 год он составлял: немцев – 2 389 560 чел., японцев – 639 635, венгров – 513 767, румын – 187 370, австрийцев – 156 682, чехов и словаков – 129 977, поляков – 60 260, итальянцев – 48 957, французов – 23 136, голландцев – 14 729, финнов – 2377, бельгийцев – 2010, люксембуржцев – 1652, датчан – 457, испанцев – 452, норвежцев – 101, шведов – 72. На конец Второй мировой войны в русском плену (исключая немцев) побывало до полутора миллионов европейцев.



**Старт ракеты V2 производства компании «Сименс». Такими, кстати, гитлеровцы обстреливали Лондон. Фото: wikipedia.org**

**Президент США Гарри Трумэн 3 апреля 1948 г. утвердил план Маршалла о выделении 5 млрд долларов на послевоенное восстановление европейских стран. СССР отказался от участия в нем.**

## Можно, я постреляю в русских?

Вместе с гитлеровцами против СССР воевали и сформированные целиком из предателей, из изменников Родины латышская и эстонская дивизии Ваффен-СС, украинская дивизия СС «Галичина» и карательный отряд «Нахтигаль». Всего было более 400 тысяч коллаборационистов, из которых украинцы составляли 250 тысяч. Они не считались военнопленными и после поимки предавались военному трибуналу.

Что это были за формирования? Германские эсэсовские части – это элита гитлеровских головорезов, выполнявшая функции безжалостных карателей у себя в стране и на оккупированных территориях. А подразделения Ваффен-СС формировались из местных приверженцев «третьего рейха». О практике их создания хорошо рассказал сенатор Константин Косачев, погрузившийся в историю этого явления.

Она широко развернулась в 43-м году, прежде немцы боялись раздавать оружие местному населению. Но когда завершилась Сталинградская битва, в Берлине поняли, что война пошла совсем не по их планам. Тогда и было принято решение формировать Ваффен-СС. Их создание дает пищу для размышлений о характере и моральном состоянии населения разных стран.

Например, на тот момент Белоруссия была полностью оккупирована гитлеровцами. Но она совсем не вошла в их планы! Не было даже попытки найти там приспешников. Немцы сразу поняли, что в Белоруссии никто не встанет под знамена предателей даже под угрозой расправы, поэтому и не предприняли такой попытки.

Вызывает некоторое удивление позиция Литвы. Немцы попробовали создать там Ваффен-СС, но не создали. Литовцы ушли в леса, в «лесные братья». Многие из них ненавидели Советский Союз, однако в Ваффен-СС не пошли. Если обратить внимание на нынешние эсэсовские марши, они проходят в Латвии и Эстонии, а в Литве их не видно. Потому что его не было, оказывается, в Литве Ваффен-СС? Возможно, не берусь комментировать.

В Латвии отряды из «активистов» создали с третьего раза: набор шел, люди записывались, но до нужного контингента недобирали. С третьего раза удалось создать латвийские Ваффен-СС.

С первого подхода создали в Эстонии. Объявили, так сказать, набор – и «солдаты удачи» пришли. Вот сейчас по эстонским городам маршируют их потомки.

Особый случай – Украина. Во Львове, и это исторический факт, была создана целая дивизия «Галичина». По планам гитлеровцев требовалось набрать 17 тысяч человек, а пришло записаться «под ружье» 70 тысяч!

Вот и сравните: в соседней Белоруссии даже не делали попыток собрать банду из отщепенцев, а Западная Украина дружно выставила 70 тысяч добровольцев: «А можно, я постреляю в русских, в советских?»

– Вот это всœ и идет с тех пор – вся эта гадость, вся эта гниль, – говорит Константин Косачев. – А потом, когда распался Советский Союз, Украина осталась без защиты от националистов, и они постепенно, ползучим путем с запада шли на восток и чуть было не добрались вплоть до нас. К счастью, не добрались, их вовремя остановили.

## «Россия не может быть без Украины»

Мне кажется, будет очень уместным вспомнить пророческие слова украинского священника, отца Василия Зеньковского, высказанные им еще в 1931 г: «Я вообще готов сказать, что возможность войны между Россией и Украиной – в форме ли обычной войны или в форме восстания... чрезвычайно велика. (...) Россия не может и не должна терять Украину. Украина должна это знать – хотя бы это знание далось ей в итоге кровавой войны; «уступить» Украину кому-нибудь другому (а реальное независимое существование Украины вне России вообще невозможно) Россия не должна... Украина должна считаться с тем, что Россия ни за что никому не уступит Украину – как бы ни складывались исторические обстоятельства, какова ни была бы воля самой Украины. Даже против воли Украины она должна быть в составе России – и это должны твердо и раз навсегда понять украинские политики, если они хотят понимать реальную историческую обстановку. Это не каприз, не Wille zur Macht* со стороны «Московии» – это суровая и глубокая необходимость, с которой должна считаться украинская политическая мысль.

Россия не может быть без Украины – по политическим и экономическим причинам, для нее (России) это суровый императив истории, ее судьбы. Тут просто нет вопроса – и как бы ни возмущались этим украинские политические деятели, но перед неотвратимостью этого как раз и должна смириться трезвая и разумная украинская политическая мысль. Если Украине будет угодно воевать с Россией – пусть воюет, – но чего бы России ни стоила война с Украиной, она будет ее вести «до победного конца»...

## Они и мы

Великая Отечественная война советского народа против фашистской Германии и, по сути, всей объединенной Европы завершилась нашей Великой Победой. Ее достигли потом и большой кровью все народы СССР, и прежде всего русский, белорусский и украинский народы.

Победа стоила нам великих жертв – потери убитыми составили почти 27 миллионов человек. Из них около 16 миллионов пришлись на мирных жителей, подвергшихся геноциду на оккупированных территориях, в концлагерях, на каторжных работах. Почти 5 млн человек фашисты отправили в рабство. К людским потерям следует отнести и то, что после войны рождаемость в СССР сократилась на 16 процентов.

Таким образом, общие демографические потери, прямые и косвенные, приближаются к 50 млн человек.

Для сравнения, Франция потеряла гражданского населения 412 тысяч, Великобритания – около 92 тысяч, США, по оценкам ряда историков, – 3 тысячи гражданских (столько же, кстати, погибло при теракте в башнях-близнецах на Манхэттене). Вот поэтому мы празднуем 9 мая День Победы, а они 8 мая – День примирения и траура. Разные у нас праздники и поводы.

***Подготовил Борис ЯМШАНОВ***

* Wille zur Macht – "Воля к власти", сборник заметок Фридриха Ницше, которые легли в основу нацистской идеологии. – *Прим. ред.*

***Российская газета – Федеральный выпуск № 67(8715) от 30.03.2022***



**Немецкие журналисты не первый раз требуют от властей убрать танки Т-34, которые являются частью мемориала Тиргартен в Берлине. Фото: Getty Images**

# И СНОВА БОИ У РЕЙХСТАГА

### В ГЕРМАНИИ ЗАГОВОРИЛИ О СНОСЕ ТАНКОВ Т-34 – ЧАСТИ МЕМОРИАЛА ТИРГАРТЕН

**Владислав Шабловский**

ЖУРНАЛИСТ немецкой газеты Freie Welt Вольфганг Хебольд призвал руководство Германии избавиться от двух танков Т-34, находящихся в самом центре Берлина – у Рейхстага и Бранденбургских ворот. Эти танки – часть мемориала Тиргартен.

В частности Хебольд заявил, что советская техника в сердце Берлина выглядит неуместно, поскольку Россия якобы снова представляет собой главную угрозу для Европы. В 2014 году на фоне украинского кризиса журналисты Bild и BZ уже направляли петицию в бундестаг, где настаивали на «удалении» этих двух Т-34 с территории мемориала Тиргартен. Тогда они объясняли свое обращение тем, что стоящие на постаменте российские танки «угрожают свободной и демократической Европе».

Впрочем, в 2014 году петиция не достигла цели. Здравомыслящие голоса в Германии, такие, например, как Йорг Ганценмюллер из Йенского университета, сумели убедить общественность в недопустимости ставить в один ряд современную политику России в отношении Украины и почитание подвигов советских солдат. «Мы должны учитывать, что речь идет о советском мемориале – с памятником, посвященным Победе, и воинским кладбищем. Здесь находятся не только танки, но и солдатские могилы. Чествование героев и скорбь о павших нельзя отделять друг от друга. И тот, кто требует убрать танки, оскорбляет чувства скорбящих», – объяснял свою позицию Ганценмюллер.

Однако на этот раз все может обернуться иначе и предложение о сносе Т-34 окажется в центре политической повестки бундестага. По информации Berliner Morgenpost, депутаты ХДС настаивают на ликвидации еще одного монумента в Берлине – Эрнсту Тельману, возглавлявшему немецких коммунистов еще до начала Второй мировой войны.

Пришедшая с востока Европы волна ненависти к символам истории, олицетворяющим освобождение Советской армией территории нынешнего Евросоюза от нацизма, добралась до Берлина. Но если в Германии этот процесс исторического нигилизма только прощупывает почву, проникая во властные кабинеты и в программы политических партий, то в Польше он уже давно стал частью современной политической культуры. Демонтаж памятника советским воинам-освободителям в Хжовице показывал в прямом эфире провластный телеканал TVP. В присутствии директора Института национальной памяти Польши Кароля Навроцкого, чиновников из Варшавы и представителей местных властей с монумента демонтировали пятиконечную звезду с серпом и молотом, а затем, под телекамеры, начали его планомерное разрушение.

После начала российской спецоперации на Украине в Европе все чаще происходит осквернение памятников павшим в боях с нацистами советским солдатам. В центре Афин, на памятнике советским воинам, павшим за свободу и независимость Греции, вандалы оставили краской символы националистического батальона «Азов» (запрещен в РФ). Мемориал «Славин» в Братиславе, где покоятся останки почти семи тысяч советских бойцов, был облит краской. Еще два акта вандализма произошли в Риге, где советские памятники облили желто-синей «украинской» краской.

Наконец, в Софии вандалы поглумились над братской могилой советских бойцов и посвященным им монументом. Еще один случай глумления имел место в Румынии – пострадали братские могилы. МИД России неоднократно направлял властям указанных государств дипломатические ноты, в которых заявлял о недопустимости такого отношения к памяти спасших Европу советских воинов. В годы Второй мировой войны они освобождали Грецию, Словакию, Болгарию, Румынию, Латвию, Польшу. Но именно эти страны теперь оказались на «острие» борьбы с памятью о своих освободителях. И уже дотолкали этот «шар ненависти» до Рейхстага.

Стоящие на постаменте «тридцатьчетверки» – последний рубеж обороны нашего совместного с Европой прошлого от двигающейся из Киева и Польши «волны забвения», цель которой – избавить нынешнее поколение европейцев от благодарности к Советскому Союзу и России за освобождение от нацизма. Недаром президент Польши Анджей Дуда утверждал, что «Европе нужно больше Америки». А значит, в понимании Варшавы, чем меньше в Старом Свете будет памятников «русским героям», тем приятнее будет американцам.

***Российская газета – Федеральный выпуск №65(8713) от 28.03.2022***

**День памяти экипажа советской подводной лодки «Комсомолец» отмечается 8 апреля. Это – день скорби о 42 членах экипажа, погибших на затонувшей советской подлодке в 1989 году.**

***Космосмæ адæймаги фиццаг истахти 61 анзей кадæн Цæгат Иристони скъоладзаутæн аци бæнтти (12 апърели уæнгæ) арæзт цæуй космонавтики декадæ. Æ исаразæг æй космонавтики Скъола. Е бацæттæ кодта аллихузон мадзæлттæ, кæцити фæрци нæ республики скъолати æма астæуккаг профессионалон ахургæнæндæнтти ахурдзаутæн равгæ уодзæнæй космонавтики туххæй сæ зонундзийнæдтæ фæффулдæр кæнунæн.***


Еристи уæлахезонтæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) БИЧЕГКУТИ Идæ, ЕЛОЙТИ Дианæ, МÆРГЪИТИ Эльмирæ.

# КУД АХСГИАГ ÆЙ КÆСТÆРÆЙ КИУНУГÆБÆЛ ÆХЦУЛ УН!..

Æрæги Дзæуæгигъæуи центр «Сæуæхсид»-и арæзт æрцудæй Еугуруæрæсеуон конкурс «Цард – æгас классикæ»-йи регионалон æркаст. Архайдтонцæ си нæ республики еугур районтæй 5-11 кълæсти аст æма инсæй скъоладзауи.

Аци цæмæдессаг еристи фæуувæлахез æй Дигори райони сувæллæнтти исфæлдистадон Хæдзари ахурдзау **Елойти Дианæ**. Дуккаг æма æртиккаг бунæттæ ба си байахæстонцæ Дзæуæгигъæуи 25-аг скъолай æма Беслæни И. Канидийи номбæл скъола-интернати ахурдзау **Бичегкути Идæ** æма **Мæргъити Эльмирæ.**

Уомæй уæлдай, конкурси хатдзæгтæмæ гæсгæ рабæрæг æнцæ лауреаттæ: **Аслæмурзати Батрадз, Аннæ Чениб, Губати Дзерассæ, Зæгъойти Сæрмæт, Дзарасти Камиллæ, Калоти Сарæ æма Меланья Герасименко.**

Конкурси регионалон хаййи архайдтонцæ республики еугур районтæй 5-11-аг кълæсти 28 скъоладзауи. Конкурсантти архайдæн аргъ ка кодта, еци дæсни жюрий сæргъи адтæй педагогон наукити кандидат, дзурди культури специалист **Надеждæ Воробьева**. Æма е загъта:

– Адæймаги зунди ирæзтæн агъазгæнæг киунугæ кæд бакæсуй адæймаг, уæлдайдæр ба кæстæр, уæд æ зонундзийнадæ зингæ фæгъгъæздугдæр уй. Киунугæ нæ цардæй еуварсгæнгæ æгириддæр нæй. Киунугæ ка уарзуй æма сæ ка кæсуй, еугур еци ахургæнгутæ, зундамонгутæ æма ахурдзаутæй боз дæн æма син зæрдиагæй арфæ кæнун.

Аци конкурси регионалон æркасти уæлахездзаутæ архайдзæнæнцæ Еугуруæрæсеуон кæронбæттæн еристи.

Еугуруæрæсеуон конкурси бундорæвæрæг æй Фонд «Цардæгас классикæ», конкурси регионалон хаййæн ба фадуæттæ исаразта Цæгат Иристони ахурадæ æма науки министрадæ.

Конкурс арæзт цæуй киунугутæ кæсунмæ скъоладзаути исразæнгард кæнун æма син сæ зонундзийнæдтæ фæффулдæр кæнунæн.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ

323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ

ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА –

288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР

# НÆ ÆДЗÆСТУАРЗОНТИ ФУДДÆРАГÆН СÆРÆНДЗИЙНАДÆ РАВДИСТОНЦÆ

Венгрий сæйраг сахар Будапешти æрæги райевгъудæй Европи чемпионат уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй. Уæрæсей командæн си архайуни барæ, гъулæггагæн, лæвæрд не 'рцудæй – Украини ци цаутæ цæуй, уони рæуонæй. Фал не 'мзæнхон богæлттæ уæддæр æхсæземæй архайдзæнæнцæ – æндæр паддзахæдти командити иуонгтæ угæй. Æма бабæй фескъуæлхтæнцæ, сæ сæрæндзийнадæй барохс кодтонцæ Иристони спортуарзгути зæрдитæ.

Хъæбæр сæрæнæй æхе равдиста Уæрæсе æма Советон Цæдеси æскъуæлхт тренер Дедегкати Хъазбеги гъомбæлгæнæг Салхъазанти Таймураз. 74 кг уæнгæ уæзи хуæцгæй, Таймураз æнæкъулумпийæй рамулдта цуппар нихмæлæууæгей æма кæронбæттæни фембалдæй Италий номæй хуæцæг, дуйней раздæри чемпион Франк Чамизой хæццæ.

Сæ фембæлд рауадæй хъæбæр хъазауатон. Тохи райдайæни Франк Чамизойæн бантæстæй Александрæй фондз балли рамолун. Сæ фембæлди хигъд 5:0 Чамизой пайдайæн угæй, Таймураз равдиста агъазиау турнундзийнадæ уæлахезмæ, æма ин бантæстæй хигъд 5:5 искæнун. Цæмæй рамола, уой туххæй ма Таймурази, æнæмæнгæ, гъудæй тæккæ минкъийдæр 1 балл рамолун, æма ин е бантæстæй, сæ фембæлди кæронмæ ма 7 секунди ку байзадæй, уæд.

Салхъазанти Таймураз Европи чемпион иссæй, Словакий номæй хуæцгæй.

Сугъзæрийнæ майдан рамолунмæ хæстæг адтæй Уæрæсей æскъуæлхт тренер Тибилти Цезæри гъомбæлгæнæг Байцати Владислав дæр.

Е чемпионати архайдта Венгрий номæй. Владислав 97 кг уæнгæ уæзи фæуувæлахез æй цуппар нихмæлæуууæгебæл, фал кæронбæттæни еуминкъий фæкъкъулумпи æй, Азербайджани минæвар Магомедхан Магомедови хæццæ хуæцгæй, æма байахæста 2-аг бунат.

Аци уæзи ма 3-аг бунатмæ рацудæй Дедегкати Хъазбег æма Олисати Дзамболати гъомбæлгæнуйнаг Цæкулати Батæрбег. Е дæр чемпионати архайдта Словакий номæй.



Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№668.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.03.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 04.04.2022

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**